Sakwise Esmiet Lan Suparto Brata



Antologi Geguritan

Balai Bahasa Jawa Timur
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan

SAKWISE **ESMIET** LAN **SUPARTO BRATA**

Antologi Geguritan

Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Jawa Timur
2016

SAKWISE ESMIET LAN SUPARTO BRATA
Antologi Geguritan

Penyusun
Muhammad Eriza Abikara, dkk.

Penanggung Jawab
Amir Mahmud

Redaktur
Mashuri

Kurator:
Mashuri
Sumono Sandy Asmoro
Anang Santosa

Penyunting
Anang Santosa
Ahmad Farid Tuasikal

Desain Grafis
Alek Subairi

Sumber gambar sampul
by Mona Rai "Chandra & Prabha"
naturemorte.com

Sekretariat
Iwan Mukaffi

Penerbit
BALAI BAHASA JAWA TIMUR
Jalan Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo,
Telepon 0341-8051752

ISBN: 978-602-8334-43-3

Cetakan I, 2016

HAK CIPTA DILINDUNGI UNDANG-UNDANG

Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya, dilarang diperbanyak dalam bentuk apapun tanpa izin tertulis dari penerbit kecuali dalam hal pengutipan untuk keperluan artikel atau karangan ilmiah.

AKATA PENGANTAR
KEPALA BALAI BAHASA JAWA TIMUR

Karya sastra merupakan hasil imajinasi dan kreasi manusia. Perkembangan penulisan karya sastra dapat dikatakan amat pesat. Dewasa ini, berbagai media dapat berfungsi atau difungsikan sebagai wahana pengungkapan nilai-nilai estetis yang berbentuk karya sastra. Selain ditulis di surat kabar, majalah, dan internet, karya-karya sastra juga ditulis atau dihimpun dalam wujud buku. Bahkan untuk jenis penerbitan buku sastra ada kecenderungan peningkatan. Keadaan tersebut ditengarai sebagai bukti apresiasi masyarakat terhadap dunia sastra bergerak ke arah yang lebih baik daripada sebelumnya.

Menyikapi hal tersebut, sejak lama Balai Bahasa Jawa Timur menerbitkan karya-karya penulis dari berbagai *genre*, baik karya sastra berbahasa Indonesia maupun berbahasa daerah. Beberapa antologi puisi dan cerita pendek telah terbit dan didistribusikan ke seluruh Indonesia melalui Balai/Kantor Bahasa.

Selain merupakan upaya pendokumentasian karya sastra, tujuan penerbitan buku puisi berbahasa Jawa ini adalah ikut *mangayubagya* Kongres Bahasa Jawa VI tahun 2016 di Yogyakarta.

Penerbitan antologi geguritan *Gebyar Kasusastran* dan *Sakwise Esmiet Ian Suparto Brata* merupakan implementasi program untuk mengembangkan sastra. Kami berbangga ketika melihat pegawai balai dan kantor bahasa menulis puisi. Semoga kebanggaan tersebut berjalan seiring dengan terlaksananya program Balai Bahasa Jawa Timur lainnya dalam bidang pengembangan dan pembinaan sastra.

Terima kasih kami sampaikan kepada Kepala Badan Bahasa, para penulis, dan panitia penerbitan buku ini.

September 2016

Drs. Amir Mahmud, M.Pd.

DAFTAR ISI

KATA PENGANTAR III
KEPALA BALAI BAHASA
JAWA TIMUR III

DAFTAR ISI V

Muhammad Eriza Abikara 1
BAL 1
GURU 2
IBU 3

Muhammad Aris 4
PRAPATAN KEBAK KEMBANG 4
PECAHING TEMBANG 5
BENGI IKI 6
LOROJONGGRANG 7

Nafita Rizkya Rahmadani 8
ENDAHE DONYA 9
BAPA 10
REMBULAN 11
KEMBANG 12

Nono Warnono 13
PIWULANG 13
KAPANG 14
LANGGAM PANGURIPAN 15
MARANG JIWA TASAWUF 16

Nursholihah 17
ANTAKA 17
AMURWA TARUNG 18
BEGONDHAL 19
KUMALA 20

Nurul Mu'afidah 21
SARASA 21
JARE 22
RUJAK CINGUR 23
SUMPAH 24

Pipie J. Egbert 25
NGUPADI 25
GURIT RATRI 27
TUGU KUNING ING DESA

SIRING 29
MULIH 30

R Djoko Prakosa 32
LEMBU SURA MAESA SURA 32
PANDHE SULANG 33
KALINYAMAT 34
ANJANI 35

Rahmidi Soeharto 36
PEPELING URIP 36
NYENYET 38
WEWAYANGANMU TENGAH WENGI 39
NGELURI KABUDHAYAN 40

Retno Kurniawati 42
WUYUNG 42
KANGEN 43
KUCIWA 44
THOLE 45

Retno Tamir 46
JALATUNDHA 46
SIDAMULYA 47
KEPATEN WIRANG ING PADHANG 49
GURIT RANDHA PING ENEM .51

Rezky Soffan Hadi 54
PATIH MINULYA 54
PEPETENGING ATI 55

Rismiyati 56
NYERAT 56
MUNG GUYONAN 57
PANGGRAITO 58
MAWAR PUTIH DADI ATI 59

Rustamadji 61
CATHETAN ING KALI KEDHUNG PAWON 61
PULUNG ING DHUWUR ALUN-ALUN 62
ING THARIKAT 63
BABAD 64

Safandi Mardinata 65
SUMENDHE 65
WONG BOJONEGORO 67
TEMBANG PAPRINGAN 69
MLAKU ANA GALENGAN 70

Santo's Pa'e Zerli 71
MATA ORA SISIHAN 71
BANJIR BERKAH 72
SURUP 73
MBLEDHOS MANEH 74

Shelina Riski 75
BANYU KETEKEK 75

Sofia Rizqi Meliana 77
BATHIK JONEGORO 77

Sri Martini **79**
PELABUHAN RATU 79
CIKAL 80
PACITAN BIYEN LAN SAIKI ... 82
BAHTIAR 84

St. Sri Purnanto **86**
PITIK NABRAK KACA 86
GURITAN JANGKRIIK
GEMBONG 87
PILIH WONG AYU,
APA WONG AYEM? 89
GURIT-GURITAN 91

St. Sri Emyani **93**
BUMIKU BUMI PESISIR 93
PLESETAN 95
SUPATA ING LENGKEHING
ARGA 96
KUPU AYU KUSUMA
BANGSA 98

Sumono Sandy Asmoro **100**
TIKUS 100
MEGATRUH 101
WISA TEMBUNG 102
ELEGI TRESNA 103

Sunaryata Soemardjo **105**
PASEKSEN 105
GILIR GUMANTI 106
UMUN UMUN SADAWANE
BOULEVARD 107
EMAN 108

Suwandi Adisuroso **109**
SWADANA 109
SASI SUCI 110

Tofiq Widodo A. **111**
TANPA CENDHELA 111
BANGKRUT 112
NAFSU 113
CLONETAN 114

Tengsoe Tjahjono **116**
DAKLARUNG 116
DONYA ANYAR 117
NYAWANG TULIP
ING SEOUL 118
PEDHUT SASI AGUSTUS 119

Tulus Setyadi **120**
URIP SEJATI 120
JAWA PASEMONE JANMI 121
UWAL SAKA JURANG
KANISTHAN 122
NASIBE NARAKISMA 123

Wahyudi **125**
SEGARAN TIRTO MADU 125
GEMREGAH KRATON
MAJAPAHIT 126

WALINE WONG JAWA 127
REMBULAN NINGGALNA CRITA 128

Widi Asy'ari **130**
TANDUR 130
WIWIT 131
SLUMAN SLUMUN SLAMET 131

Yanto Garuda **134**
KETEMU ING BALURAN 134
SAKWISE ESMIET LAN SUPARTO BRATA 135
POLAHMU KAYA ESMIET 136
KETEMUNE BASA JAWA LAN USING ING BANYUWANGI 137

Yonathan Rahardjo **138**
IKI LELAKON 138
RAMAYANA SAIKI 139
TIWIKRAMA SANG PRATIVI 140
BEBENDU KALA KLIRU 142

Yusab Alfa Ziqin **144**
TULUNG 144

Zuly Kristanto **146**
ELEGI WENGI 146
MOJOWARNO 147
TUYUL ORA GUNDHUL 148
KABAR SAKA SURAKARTA 149

Sri Martini **79**
PELABUHAN RATU 79
CIKAL 80
PACITAN BIYEN LAN SAIKI 82
BAHTIAR 84

St. Sri Purnanto **86**
PITIK NABRAK KACA 86
GURITAN JANGKRIK
GEMBONG 87
PILIH WONG AYU,
APA WONG AYEM? 89
GURIT-GURITAN 91

St. Sri Emyani **93**
BUMIKU BUMI PESISIR 93
PLESETAN 95
SUPATA ING LENGKEHING
ARGA 96
KUPU AYU KUSUMA
BANGSA 98

Sumono Sandy Asmoro **100**
TIKUS 100
MEGATRUH 101
WISA TEMBUNG 102
ELEGI TRESNA 103

Sunaryata Soemardjo **105**
PASEKSEN 105
GILIR GUMANTI 106
UMUN UMUN SADAWANE
BOULEVARD 107
EMAN 108

Suwandi Adisuroso **109**
SWADANA 109
SASI SUCI 110

Tofiq Widodo A. **111**
TANPA CENDHELA 111
BANGKRUT 112
NAFSU 113
CLONETAN 114

Tengsoe Tjahjono **116**
DAKLARUNG 116
DONYA ANYAR 117
NYAWANG TULIP
ING SEOUL 118
PEDHUT SASI AGUSTUS 119

Tulus Setyadi **120**
URIP SEJATI 120
JAWA PASEMONE JANMI 121
UWAL SAKA JURANG
KANISTHAN 122
NASIBE NARAKISMA 123

Wahyudi **125**
SEGARAN TIRTO MADU 125
GEMREGAH KRATON
MAJAPAHIT 126

Muhammad Eriza Abikara

BAL

Wujudmu bunder
Saben dina dakcekel
Sadurunge mlebu sekolah
Bal...
Tansah ngancani aku
Sadurunge mlebu ing kelas
Bal...
Ndadekna semangat sinauku
Matur nuwun
Guru olah ragaku

Baureno, 01 September 2016

GURU

Guruku...
Panjenengan mulang maca kula
Guruku...
Panjenengan mulang nulis kula
Tanpa panjenengan
Kula boten saged napa-napa
Guruku...
Panjenengan pahlawanku
Pahlawan tanpa tanda jasa
Matur nuwun, guruku

Baureno, 01-09-2016

IBU

Ibuku sayang
Ibuku sing ayu
Saumpama tanpamu
Aku ora bakal midak ndonya
Ibuku sayang
Sing wis nggedhekake aku
Ibuku sayang
Matur nuwun

Baureno, 01-09-2016

.....

Muhammad Eriza Abikara duduk di kelas VIIE SMPN 1 Baureno, Bojonegoro.

PRAPATAN KEBAK KEMBANG

ing sakulone prapatan
ana sun
cah lanang ndeleng ratan

"iki malam jum'at
jare dzat-dzat padha nyifat
mencelat
uga dadi lar-lire malaikat!"

ing sakulone prapatan
sun isih ndeleng mangeleng-eleng
ratan

wong enom wong tuwa
padha liwat padha nggawa kiblat
srawung-tarung marang bumi
abang lemah kang saya suwung

ing sakulone prapatan
sun ireng mbengkereng
uga nora sat-sat
rengeng-rengeng

ngucap mantra panglipur brantha
wirid asmara wirid gusti allah
cuwawa
mawa

Lamongan/Banyuwangi 2006/2016

PECAHING TEMBANG

aja sebut jeneng sun
sepisan maneh
aja sebut jeneng isun

yen kulit rika tembe mburi bakal tatu
yen ludira bakal mblabar ing rai rika

iki dudu tembang lan tembung
ananging lemah wis kadhung liwung
kaya pecahing ati wayah surup
walah
wah wah
gung gung gung
liwang liwung

aja sebut jeneng sun
sepisan maneh
aja sebut jeneng isun

kojur!

Banyuwangi 2016

BENGI IKI

"bengi iki ana kang bakal mati!"

sun nyumpah sakabehane sunya-angin
cerita kang njedul lan ngaruara
ing sigaraning lemah-nyawa

seksenana! seksenana!

ya bengi iki
saka antepe langit pitung sap
sun undang sun kudang
sewu wektu

kayadene para kadang sedulur
wanara lan wadyabala
sinerbu-mbabat
ngontran-ngontran geni-segara

"bengi iki ana kang bakal mati!"

kaya bledheg pungkasan
wekasan sun
bakal dadi udan-ujude pratandha

seksenana! seksenana!

"bengi iki ana kang bakal mati!"

Lamongan/Banyuwangi 2004/2016

LOROJONGGRANG

I

ana siji kang durung sun ngerti
nalika dina-dina liwat
liwat saya klebat-krekat
kaya kutang tipis prawan

ing ngendi paran-sawarane jago kluruk
madhangi jagad kanthi ruri?

II

ananging siji kang sun ngerti
nalika bata tinata dudu wesi
uga dudu waja
ati sun saya ngucap katresnan
marang geni ing tengahe garba

warangka

Lamongan/Banyuwangi 2009/2016

Muhammad Aris dikenal sebagai penyair dan penggurit, lahir di Lamongan tahun 1975. Menempuh pendidikan di Universitas Airlangga. Berkesenian di Teater Gapus, FS3LP dan Paguyuban Triwikrama. Karyanya tersiar di berbagai media dan kumpulan karya bersama. Antologi puisi tunggalnya *Ngilu Peju*. Antologi gurit tunggalnya *Lagon Mripat*. Sekarang berdomisili di Banyuwangi. Pos_el: arismuhammad4115@gmail.com.

Nafita Rizkya Rahmadani

JERITE WONG CILIK

Jerit...
Jerit iki saka njero atiku
Sing wis suwe kelangan rasa adil
Rasa sing saya suwe njangget ing ati

Apa wis ora ana rasa adil ing negri iki?
Apa wis ora ana sing peduli karo wong cilik?
Ing jaman saiki, wong gedhe dipuja lan dipuji
Wong cilik dilarani

Saben wengi nangisi nasib
Apa kaya ngene uripe wong cilik?
Mangan, kangelan
Sekolah, ya susah

Aku mung bisa sambat marang Gusti
Kanthi donga
Iki jeritku
Jerite wong cilik

Baureno, 29 Agustus 2019

ENDAHE DONYA

Ing kala esuk, cahya srengenge
Wis awe-awe
Suket ijo katon sumringah
Tetese embun sing gumantung ing godhong
Kembang-kembang padha mekar
Nduduhna warna asline
Ndonya iki pancen edipeni
Lan ndadekake ati krasa ayem

Baureno, 29 Agustus 2019

BAPA

Nalika srengenge isih ana ing senthonge
Panjenengan sampun tindak makarya
Mung pacul kang ngancani
Lan ocehane manuk tansah rinungu

Nalika srengenge kumencar ing bun-bunan
Tumetes kringet ing sakujur badan
Kulit ireng, badan aking
Balung lan kulit katon nyawiji

Makarya kanthi ngaya
Nanging opah ora sepira
Iki kabeh kanggo aku lan ibu
Mugi pikantuk piwales saking Gusti

Baureno, 29 Agustus 2019

REMBULAN

Yen srengenge mulih ing panggone
Sliramu kados satriya
Tansah paring pepadhang
Ing petenge wengi

Sliramu metu ora ijen
Nanging ngajak-ajak lintang
Sing ana ing sakiwa-tengenmu

Rembulan_
Cahyamu padhang tur endah~
Edi peni
Ora klah karo srengenge

Kabeh bisa ngrasakake endahe
Tanpa mbayar
Rembulan_
Tansaha dadi satriyaning wengi-wengiku.

Baureno, 30 Agustus 2019

KEMBANG

Endah warnamu
Ana abang, kuning lan putih
Ambumu sedhep nyegrak ing irung
Tansah milangoni

Endahmu tansah koksingitake
Nalika isih dadi kudhuk
Endahmu nembe kokpamerke sapa wae
Nalika wayahe mekar

Endahmu minangka lambange wanita
Ngembang...
Lan terusa ngembang.

Baureno, 30 Agustus 2019

Nafita Rizkya Rahmadani duduk di IXC SMPN 1 Baureno, Bojonegoro. Tinggal di Ds. Trojalu, dsn. Juwet, Kec. Baureno, Kab. Bojonegoro. Ikut menulis buku geguritan "BUNGAH".

Nono Warnono

PIWULANG

Sinau marang srengenge,
teguh ikhtiar makantar cakra manggilingan jagad gumelar
leladi murakabi bumi
prasapa marang esuk njejawat awan tumuju candhikala panguripan
lejar tawakkal tumanduk marang wengi tahajud

Ajar sabar marang jembar samodra,
gumulung ombak jumlegur tsunami pandadaran
ulegan wuh sangkrah kumrembyah winadhahan panglenggana
parandene biru kasetyan puguh angon camar
lan nglenggana kapal-kapal dermaga tumuju pengangen

Sinau makardi marang sitaresmi,
ikhlas nenuntun wengi bebadra tumuju esuk kebak panjangka
nepusi dalan-dalan endah pangimpen
umbul donga angambar marang swara langit
nadyan bence ngganter kekiter

Bojonegoro PSJB, 2014

KAPANG

Sinawang dluwang-dluwang pathing slebar
asok kapang marang kledhange kanca sedulur nunggal jiwa
jer wewayangane nora nate kumlebat
karana dhisik wus supata sabela mikukuhi lestari budaya
kapiadreng mbabar sedya makantar
dimen warisan aji kawuri sinung eksistensi wigati

Sinawang jembar biru langit lazuardi
ngrantu kumlebat gendera sastra kang nate dikerek dhuwur
ing pucuk menara kristal kangungunan
terwaca sinung kaprabawan adi endah milangoni
kasdu ngrebut sasana lan swasana jroning pirembugan mirunggan

Prapta ing plataran gurit sumitra
nalika gendera kelangan warna
tumenga ngronce leksan pandonga
nenandur gupita ing bumi cengkar tan jinja cabar
ancas tumangkar thukul ngrembaka

Yagene kongsi kemba sumitra
kapilaur ambyur jro ulegan sepi teteki
ngrantu baline jaman kencanarukmi kang gilir gumanti
suprandene werdine kayekten
ing nisbi urip panguripan datan nana laire reinkarnasi

Baureno-Bojonegoro 2014

LANGGAM PANGURIPAN

Cetha tembang panguripan ginurit ing wirama kangungunan
nglaras wirama nganyut anyut sengsem pinatri
manunggal sih Gusti ing sawiji
jer mobah mosik tetuwuhan klesik gegremetan
mracihnani werdine kayekten katresnan ginaib

Sru tembang panguripan binabar rancak sigrak
asung panodhi kasaguhaning tangan kumrembyah suku jumangkah
temah kasdu mestuti laku lekas tanpa mawang pituwas
legawa tutwuri angombyongi adreng pamarsudi memayu raharjaning warata sasama

Tembang panguripan rinungu lirih
bebisik mring teteleng kalbu kinen nyandhet
mungkat napsu kang ulegan
sinigeg ing tembok panglenggana
jer prastawa kawuri jro dhawuh Gusti wewentehan
wus ambabar sejatine tepa palupi wigati

Tembang panguripan gumanti mblero
marma geter wirama kelangan ruwang resonansi
kumandhang gendhing wus ora nyengkuyung mring harmoni
gamelan tinabuh sru manut ancasing sowing-sowang
antaraning dzikir kesombongan

Bojonegoro PSJB, 2015

MARANG JIWA TASAWUF

Nalika jiwa tasawuf nggayuh cahya amblerengi
abur kekiter sukma bebadra ngawiyat punagi
ninggal jagad geter-pater mbentheyong kabotan jejember
blabar kawat silih ungkih adu argumentasi rebut bebener
melik anggendhong lali

Gegancangan jiwa tasawuf ngener dalan transenden
ninggal kadonyan nalika kiblat kaliyer
colong jupuk duratmaka sinamudana nderbala
kemaksiyatan dadi sega-jangan
lanang-wadon padha seneng ora kathokan
panguripan koncatan cahya iman

Jiwa tasawuf kapiadreng nunggal pangeran
cecedhakan ngumawula ndhedhepe tawajuh
nglenggana kadidene kawula
jer Gusti sayekti Bendara

Masjid Al-Ma'ruf, 2014

Nama **Asli Suwarno**. Nama samarannya Nono Warnono. Penggurit produktif ini menerima Penghargaan Rancage tahun 2014 (Sastra Jawa). Penggiat di Sanggar Sastra Pamarsudi Sastra Jawa Bojonegoro (PSJB).

ANTAKA

pesthi wus ginaris marang gusti
panjange yuswa kita kang mbudidaya
kaya kok gawekke dalan antaka
lunga ngulon gulutan aspal
lunga ngetan dalanan growong
apa mengkene aspal sakiki
yen digalih andadeake grantesing sukma
yen wus kaya ngono sapa kang ditakoni
mung bisa ngati-ati sak dawane lunga
rada ngiwo gulutan aspal
rada nengen growongan marga
kaya wus ora ana kang dipilih
setir oleng ra kuwawa ngayahi
berak!
ngantem truk gandeng
raga glenthangan sirah pecah
mapak antaka

Tuban, 22052016.

AMURWA TARUNG

pasuryan kang tansah katon sumrigah
endah milangkoni
jangga angundag-undag
soca bening mencorong
rikma ireng kandel
tinudung ijo royo-royo
hanyegerake paningal
solah bawa kang tansah jatmika
aswanta lampahing sadina dina
ikhlas tanpa petungan
rika
wadon amurwa tarung

Tuban, 28052016

BEGONDHAL

ireng putih busanaku
sun tansah mituhu marang seliramu
pertiwi kang abadi jaya sentosa
linampahan kairing cahya aditya
uthuk-uthuk wus sumadya
kanti tulusing rasa
singkirno aral lintang, srei, drengki, lara ati
tandang gawe mung katon ilahi
sun, begondhal sejati

Tuban, 29052016

KUMALA

nuswantara kang abyor gumebyar
sinulam benang kumala ratna
sugih donya brana lan budaya
wong manca karaya raya pada sabeng
ing nagari kang duweni pulau kumala
lunga teka wong manca kepincut nuswantara
linambaran brana sajroning padharan bumi
penduduk kang tansah nyuguhake rupadi
andadeake eseme langit
guyune mega
nuswantara sugih kumala

Tuban, 29052016

Nursholihah adalah guru Taman Kanak-Kanak PGRI Sambonggede, Merakurak, Tuban. Lahir di Tuban, tanggal 6 Juli 1969. Menetap di desa Mandirejo RT 04 RW 05, Merakurak, Tuban. Pos_el: sholihah_ali@yahoo.co.id. FB: Nursholihah.

SARASA

RA

Sa Sa

Ra ra

Sa sa

Dirasane dirasani

JARE

Jarene iku urip kudu ngunu
Jarene iki urip kudu ngene
Jarene ika urip kudu ngana
iku, iki, ika
ngunu, ngene, ngana
kuwi jare sapa
kuwi sing muni sapa
kuwi kanggo sapa
kuwi kareben APA?
Kapan jarene mung dadi jarene?
Kapan jarene kokmilik dadi jaremu?
Apa kowe ora pengin nduwe jare sing jaremu
angen-angenmu
panemumu?

RUJAK CINGUR

Cingure dirujak
Cingure dimasak
cingure...

cingur omongane nylimur
unine ngalor ngidul
wadul ala disadhur
ora krasa yen mambu dulur
cingur ngawur

cingur tumata
tumpuk-tumpuk katon mata
ditata nganthi rata

Cingurmu sing ngendi?
Yen nduwe pilihan kudune ya
Wani nanggung...

SUMPAH

Sumpahe janji
Janjine disumpahi
sumpahe apa ditenani
kepriye yen ana sing mblenjani
mung dimenengi
apa kudu digugah nganti tangi?
Emane durung kabeh wong wani
NGGUGAH sing adol sumpah janji

Nurul Mu'afidah lahir di Kediri, 14 Mei 1993. Penyuka sastra dan budaya Jawa.

NGUPADI

Kedharang-dharang anggonku nglari
ngumbara njajah desa milang kori
mecak'i sadawaning lurung
kanyatan amung suwung.
Ngambah ngarejembar,ngruntut tlacak
Ngupadi tilas dlamak'an natetumapak
dimèn kauningan paranmu tumuju
nuli enggal dak lurug lumaju.
Dakunggahi gunung tumekaning pethit
rekasa ngluruh dunung kongsi ngranggèh langit
dak piyak sap-sap mega
adreng ndhodhog kori suwarga.

Krenteg nemu sumbuning sunar
punjering cahya dadya damar
dilah panuntunku jumangkah
senadyan lungkrah
awit dene kinepung peteng lelimengan
sawuse katilap langgeng lelungan
panggrantes ndamu pepadhang
mula rasa enggar adoh kabuncang
kadya pagowong nyikep netra
nyipati pangarep-arep tragal muspra
sakeplasan ngilang tanpa pamit

keplayu nututi mburu langit.
Dakundang asma sora gumuntang
Nguwuh-uwuh kanthi asru syang
Tan tidha-tidhanjelih ngumbar sabawa
Ya gene amung jinem, sumaur tan kuwawa.
Anggèr, baya menyang ngendi lakumu?
Dakupadi saparan-paran tan tinemu.

Surabaya, 2016
Ing pèngetan Haul pembarep kinasih.

GURIT RATRI

Gumyak dumeling
Asru cumengkling
sabawa miyak ngakasa
Lumantar gurit kapiarsa
Pamèr ulem gumuntang
Kadya adreng nggayuh lintang
Pamuji sung pawarta
Konjuk marang Sang Paramarta

Bingar mecah samun sepi
Walang lan sato wengi ngrerepi
Saka pucuk gegodhongan
Kang dicacah rikala awan
Gumuruh ngalembana sagung berkah
Kasok saka asta kekah
DènNya ngrengga sakabèhing mangsa
Ngudanèni uwal reribet kang njiret rosa

Geguritan tengah wengi
Binarung sokur lir dupa arum wangi
Konjuk ing paseban
awit dene yekti karoban
lubèring sih rahmat
kang ngrukti tankendat

kersa paring usada
maring sagung tatu dening rubeda

Gurit wengi pisungsung pamuji
lan panyuwun kasunggi
konjuk dhamparing Hyang Agung
lumantar pangidung
dumeling kapiarsa
sabawa miyak ngakasa.

Surabaya, 20 April 2016

TUGU KUNING ING DESA SIRING

Menyang ngendi parane Tugu Kuning
kang madeg dadi tetenger ing desa Siring
tan tinemu nadyan milang-miling?
Musna nyusul purnaning tetanduran aking
nyusul rontog-e gegodhongan garing kemlingking

Kapanggang panas telungèwu derajat
tetanduran tan kuwagang sambat
Saiba trenyuh warga mung ndonga tan kendhat
ngalami kahanan kang mesakat
dipeksa kacingkrangan urip kesrakat.

Mandeng tlatah karendhem lumpur panas
telung kecamatan amblas
desa ilang musna cacah nembelas
Saiba celeng teleng ati kurban urip memelas
ngentèni kapulunge tangan asok sih piwelas

Tugu Kuning desa Siring musna kakubur
wis nyawiji kalebur
ing sajroning segara lumpur
binarengan musnaning saperangan tlatah Jawa Timur
Sapa baya enggal mrantasi pangarep-arep kurban kang ajur mumur ?

Surabaya, 29 Mei 2013
Kapacak ing Kalawarti basa Jawa *Panjebar Semangat* No.24, 15 Juni 2013.

MULIH

Kali lahar mburi ngomah
Kanca rumaket ing mangsa bocah
Rina wengi gumricik banyu resik
Srawung klayan watu ing gisik
Grapyak sumanak angerobi sesuketan
Kang tuwuh mèmper pethètan
Gegodhongan tuwuh ngrembuyung
Kembange mekar agawe wuyung.
O saiba dadi klangenan
Kecèh banyu seger kang ngerobi sawah lan padesan

Hawa seger sangisore gunung Kelud
Ngundang ati kepranan kapilut
Berkah tlatah saka asta Maha Agung
Tumangkar winih unggul ing pategalan jagung
Sawah nggelar bludru ijo lan kuning tanpa sambat
Pratandha panèn datan kendhat
Nuwuhake rasa kwang-wang tansah kèlingan
mandeng bocah playon ing galengan
O saibatansah nunjem rasa kapang
ngelingi wewayangane ibu nyiram kembang

Yagene samangke samun sepi
awit deneilang wit woh-wohan sarta kebon kopi
dalah tanana tilas tetuwuhan vanili
Kang nate urun panèn mbanyu mili
Ewuh aya nesep hawa seger wingi uni
Kabur tan ana kang ngudanèni.
Owah gingsir zaman mulas praupan
Tan pekewuh munggel katentreman.
Nanging bumi klairan tansah ngrerangu
Senadyan manah mandheg mangu.

Sangisore gunung Kelud, 22 April 2016

Pipie Johan Egbert lahir tanggal 2 April di Kediri, punya minat dalam bab seni musik, tari, drama, menulis sastra, termasuk cerkak, geguritan, juga menulis sastra selain bahasa Jawa. Bekerja di media radio sejak masih remaja hingga kini. Pernah memimpin sebuah perusahaan radio siaran, dan memimpin sebuah Broadcasting Company. Sekarang dipercaya dengan tugas sebagai koordinator sebuah Center di Surabaya. Pernah belajar diAkademi Bahasa Asingdi Surabaya.

LEMBU SURA MAESA SURA

Getih abang putih
Manjila
Kaya Guntur tumempuh ing sewu guwa garbaning Kiskendha
Sapa kang tumekeng lena
Sajroning garbaning urip
Sejati

(12 Maret 2016)

PANDHE SULANG

Bang bang demang waru
Worari mandhi tumbak karawelang
rambut pinutung
den sengkelati muni, hiyo pandhe sulang
ketabna sabalanira
Pandhe Sulang mojar ugi
kakang demang
punapandika susumbar latah
kongas ring kadang priyangga, pinten ajining ringgit goldening
kumpeni,
sumangga andika gelis anebas jangga
sasirah kula,
karawelang den lempar laju tosa
anempuh wadhuk ira pandhe sulang ngenggih
dhawah kapidara..
rai bang kembanging alang-alang
putihkaya deluwang
pandhe sulang ngemasi dadi
eseme anyembuh lathi
demang waru apa pikoleh ira
nigasi jangga sudara
werdi

(Rembang, 29 Mei 2014)

KALINYAMAT

tugu ing pucuking rambut
driji, lan ilatmu
mrawasa tumungkule dhadhu klawu
lemah bang kekalih
seba sumewa ing
ing dhampar anganthi gegeting waja
taliwanda.
sapa kang tumungkul ing pucuking
driji, ilat, lan rambutmu
Hadiwijaya, Pemanahan
Penangsang, Prawata,
bang-bang singeb ping pucuking
rambut-rambut
mblabar getih
abang

(Klampis, 7 Agustus 2014)

ANJANI

Ron sinom
Ing pucuking lathi
Rumesep jroning garba sucimu
Kobar hardaning Kama suci
Apa ika
Rasa sejatining
Ron sinom ing pucuk
Lathi

(13 Maret 2016)

Rohmat Djoko Prakosa (R. Djoko Prakosa) bekerja sebagai Dosen Sekolah Tinggi Kesenian Wilwatikta Surabaya, lahir di Sukoharjo 16 Mei 1965. Setelah lulus SPG Negeri Rembang melanjutkan Kuliah S1 Seni Tari pada Sekolah Tinggi Seni Indonesia Surakarta. Menyelesaikan program pasca sarjana Institut Seni Indonesia Surakarta tahun 2006. Aktif dalam berbagai forum diskusi, penelitian seni dan budaya, aktif dalam penulisan karya ilmiah dan karya Seni. Menulis kritik dan essai seni pertunjukan, tari, dan sastra pada berbagai media masa dan jurnal ilmiah seni. Aktif dalam Paguyuban Pengarang Satra Jawa Surabaya, dan aktif sebagai penata tari. Antologi geguritannya *Abang Wora Wari, Layang Saka Kekasih*, dan *Ngeluk Duwung Nggelung Gunung*.

PEPELING URIP

yen taksawang nganggo mripat kaca paesanku
jaman iki wis akeh owah-owahan apa kepriye
dadi wong gedhe mono pancen akeh laline
ya lali marang samubarang kang wis gumelar
uga padha lali saka ngendi cikal bakal mulane

apa sliramu wis ora nate kelingan
dhek ing jaman semana urip kecingkrangan
nalika ing satengahing alas gung lawang-liwung
sliramu nate urip rekasa nguleni lemah-lemah bera
karo miyak lan nyasak grumbuling pring ori

yen tak sawang nganggo mripat kanthi terwaca
apa laline kuwi amarga kasinungan drajat dhuwur
apa amarga wis kalebon sesrawung kang ora nggenah
apa uga mung nguber numpuk raja brana
padha seneng golek rejeki kanthi dalan korupsi
nguras duit negara kang angel dipetung nganggo driji
kandhane kena kanggo sangune pati

nanging saka iku .....
apa sliramu wus ora kober nyawang kahanan
yen ing pinggir-pinggir kali gedhe
uga ing pinggir-pinggir dalan sepur

akeh gubug lan bedheng-bedheng pating besasik
kang dienggoni dening pengemis, anak yatim piatu,
wong cacat pisik, uga pemulung, kang saben dinane
butuh kawigaten lan butuh bantuan mangan

mula dadi wong urip kang wis kasinungan
drajat pangkat dhuwur mono kudu padha tumindak jujur
elinga marang wong-wong cilik kang sarwa kurang
ya eling marang pranatan kelanggengane urip
awit kabeh bandha mau ora kena kanggo sangune pati
yen ora dikantheni amal sodhakoh marang sapadha
karana ikhlas lan ati legawa

Randualas, September 2010

NYENYET

kekesing wengi iki,
nora kaya nalika wengi kang wus lumaku
esem kang mijil saka lathimu
tansah bisa gawe gorehing atiku

sejatine aku kepingin ketemu marang sliramu
yaiku wanita kang tansah ngreridhu
anggonku mangkat mapan turu

nyai kintakawati,
kenya kang yuswa satus limalas tahun
uga kenya kang ayune ngedap-edapi
sliramu kang pantes nambani brantaku

sejatine aku ora mangerteni
marang laku jantraning pepesthen
apuranen, yen tresnaku ora bisa langgeng
amarga sliramu uga sliramu alame pancen beda

Rawamangun, april 2000
kapacak ing majalah *Jaka Lodang* 2006)

WEWAYANGANMU TENGAH WENGI

esem kang metu saka wewayanganmu iki
kang andadekake ati tansah gronjalan
kaya nalika alam katerak udan barat
kang salah mangsa, ing wektu ketiga

sejatining aku kepingin sapejagong
uga nyuntak rasa sih kangenku
marang wanita kang dadi gegantilaning ati

sabenere aku dhewe ora mangerteni
wengi-wengi sing wis tak lakoni
ananing mung sepi lan nglangut
yamung wewayanganmu wae kang tansah katon
ana ing ngarep netraku

apa wektu iki rasa atimu uga padha
muga-muga wae sliramu uga tansah kelingan
marang priya kang ngantu-antu tekamu
ananging kapan aku bisa sapatemon marang sliramu?
apa aku kudu ngenteni lawang atimu kabukak?

Sidoarjo, 20 september 2002
kapacak ing majalah *Jaka Lodang* 2006

NGELURI KABUDHAYAN

ngenani bab olah seni budhaya kang sumebar ing nuswantara
khususe, tlatah tanah jawa pancen akeh banget jinise
prasasat jumlahe ora kena diwilang nganggo driji
kayata kesenian kentrung, reog, ludruk,wayang kulit, seni tari
jathilan, lan kesenian tradhisional liyane kang bisa gawe sengsem ati

saiki jaman wis moderen, tambah maju tur akeh wong pinter
malah uga akeh para punggawa negara kang keblinger
mula ora kena diselaki maneh yen wis akeh owah-owahane
budhaya kang adiluhung mau saya suda gebyare
kepara malah ana sing wis ilang tanpa ana peneruse
kasunyatan, nalika tahun kepungkur seni reog ponorogo
malah terang-terangan arep diaku dening negara jiran

yen diwawas kanthi ati lan pikiran kang wening
pancen rada memelas, tansaya mrihatinake temen
menawa kabudhayan sing adiluhung lan ngrembaka iku
bakal surut kumandhange, musna mbaka sithik

apa musna gara-gara wis padha ora seneng
karo budayane dewe kang katon kuna iku?
apa amarga wis kena pangaruh budhaya asing kang gumebyar?
pangajab.....yen dudu kita kabeh, terus sapa maneh
sing bisa ngleluri lan ngrembakakake seni warisan budaya

sing nduweni pengaji saka para leluhur iku?
kanthi mangkono, tembene kita bisa nerusake
cita-citaning bangsa kang wus mardika
supaya kabudhayan kita tetep langgeng lestari salawase

satemene.... kabudhayan kita ora mung endah disawang
ananging uga nduweni nilai-nilai luhur
kajaba enak kanggo tontonan masyarakat
uga apik kanggo piwulang tuntunan ngaurip

Lereng Wilis, Agustus 2010

Rahmidi Soeharto lahir di Sleman, 30 Maret 1966. Sejak Tahun 2000 sampai sekarang bekerja di Balai Bahasa Jawa Timur. Tinggal di Perumahana Graha Kuncara Eksekutif AE-15, Kemiri, Sidoarjo. Geguritannya dimuat di beberapa majalah berbahasa Jawa.

WUYUNG

Wong bagus, esemmu kaya rembulan kang sumunar
Rikala wengi
Madangi ati kang lelimengan
Ati iki ora kuwawaa nolak
Rikala esemmu nembus atiku
Duh Gusti, apa iki kang diarani wuyung?
Pasuryanmu tansah ngawe-awe
Anggawe lathi gumuyu
Kelingan esemmu

Ati krasa ora kepenak
Kelingan terus marang sliramu
Wong Bagus, kang nggoda atiku
Ngampet rasa kangen
Karana aku wanita
Ora becik ngungkapke rasa
Cukup esemku
Lan sunaring mataku
Pratanda aku ugaana rasa
Marang sliramu

KANGEN

Sliramu kaya lintang kang cumlorot
Ngobahake lathi
Nggugah atiku
Kang mati amarga ketaton
Kaya kesiram banyu sewindu
Aku gumregah nuruti ati
Kang kesandung wuyung
Rikala sliramu ngalangi dalanku
Esemmu Wong Bagus
Kang agawe kuciwa
Amarga sliramu lintang
Kang tansah sinanding rembulan
Wong Bagus, mokal srengenge lan rembulan
Karengkuh dadi sawiji.

KUCIWA

Esemku iki beda karo esemku biyen
Rikala aku kasmaran marang sliramu
Esemku wis kelangan madu
Amarga racun kang nembuh darahku
Ati iki ora percaya Marang janji kang kaucap
Raga iki ora kuwat nanggung cidraning janjimu
Lamun sliramu blenjani janji
Elinga Wong Bagus, janji kuwi utang
Sakambane samudra
Takbuka atiku
Esem utowa tangis
Ya mung kuwi
Kang ngisi uripku saiki
Tanpa pangarep-arep
Sliramu bakal nepati janji

THOLE

Biyung nyuwun pangapura
Marang sliramu
Biyung durung bisa
Methik lintang kalawan rembulan
Kaya panyuwunmu

Thole bocah bagus,
Biyung iki mung wayang
Manut marang sabdaning dhalang
Biyung ora kuwasa nolak
Garis urip kang kagambar

Thole gantelaning ati
Biyung mung bisa donga
Muga sliramu mbesok
Ora ngalami grahana
Kang ndadekake petenge jagad
Srengenge, rembulan lan lintang
Guyub rukun nyengkuyung uripmu

Retno Kurniawati adalah pengajar di SMAN 1 Padangan, Bojonegoro.

JALATUNDHA

Rasa anyep jroning penggalih
nalika sliramu nyandhing raket
nyirep jiwa ragaku
ing alas Penanggungan
Gemebyur telagane
agawe angen kang pupus
ninggalake ayel borok
salawase nyandhang uripku

Seh seger tembung alus janjimu
ora lunga senajan bencana angin
lemah geger rontok
edelweis muspra
telaga sat arga gugruk
Nanging saiki
ujudmu kaya dimangsa banyu padusan
kintir ora bisa mentas
ambekanku aking

Aja teka, aja teka
minangka lakumu
nandur bekti kang apus
mung agawe lara atiku
Aja nyedak, aja nyedak
pangangen umpama angin
ora bisa dipandeng
nanging anteb tiban dadaku

Mojokerto, 17 Maret 2016.

SIDAMULYA

Mangsa ketiga kapungkur
mlambrah bebayan tengah kutha
beluke obong-obong pang wit-witan
saka alas Argapura
kagawa angin sing banter santer
dhuwur samar ana babagan kidul
emboh ! pletikan geni apa lintang kemukus ceblok saka megantara

Duh merga bebayan sing dadi pangarasanku
duh mangsa sing agawe gela atiku
nanging pangangen-angen rasaning njeroh iki
kepingin bali ning dusun tengah kutha
dusunku, dusun tandur ari-ariku
latar sing kebak beluk muleng-muleng iku

Lumakune wektu ora rinasa
kumbara lelanaku wis ngliwati rongpuluh mangsa
dusun sing dakangen sasate agawe mripat mbrebes mili
rina wengi dadi pinuju ora ana liyan
wis cerak, wis cerak nggumunku lindih
sedyane panggon agawe tutup yuswaku

Sidamulya, aku kangen
kangen nalika rendeng-rendeng playon
cedak aloon-aloon

mlaku mlirit dhuwur tangkis Kali Brantas
nguwot tereteg rel sepur
ngumbar gumuyu sing tulus bareng kekancan

Jan mbedhedhek pasuryanku
merga rasa atis sing tansah ngubrak-ubrak ati
kelingan mlititing semilir angin cedak Rolak Sanga
nguntel pit jebus Trowulan
senajan udan kepannasan ora dadi pikir
njur kecek teles-telesan ning sendang Segaran

Aku kepingin bali, Mbah
ngaturake pungkasan lumaku sikilku
marang adhi ari-ari jeroh lemah
tlatah dusunku, Sidamulya
sing dak tresnani, dak impi-impi
kanti dadi omah pungkasanku

Saiki, wengi sebrang tlatah
dak waca donga pangestuti
ukara sing mili saka sesek ambeganku
mengko, sesuk njur salawase
janji setya kanti pati
Sidamulya, aku bali

Pulau Timor, 23 Maret 2016.

Rumangsaku, jamanmu kuwi bali kuna
bali rikala samana wang-wang purba, uda
ora krasa wirang merga rung temu adabe
ora krasa wirang mung nyandang selirit kulit wit
lha apa pancen mengkana pangarepmu
bali saka wiwitan ?

Rawuhe para Utusan saka langit kapitu
nganti seprene pitutur wang tuwa lan guru
mung dadi bayu mlayu ngalor ngidul
pisan maneh kandhamu: kuna
wirang ora ngadi sandhangan
wirang ora ngadi tumindak

Wis jangkep jaman lingsir parak akhir
menawa sesuk emben ora tangkep ajar
kang wis diparingi para leluhur
mugyo, Gusti Alloh ora murka
balia takon marang atimu pisan maneh
urip iki jane apa kang dianti ?

Mojokerto, 23 Maret 2016.

GURIT RANDHA PING ENEM

Wiwit krama dadi garwane Ngamudi
endah panguripan mapan sandang lan pangan
mikarya ing bengkel pit ngarep omah
nganti rong taun nyandhing tentrem
amerga dheweke sayah bekti lan asih
nanging pati ora bisa katulis watese
awan menthang-menthang, Ngamudi
kapundut ajal keterak praoto selip niba bengkele

Patang sasi wis liwat
wayah sepi pinuju pungkas
mundhak ora dadi fitnah
tepungan priya tangga dusun
Darmono unggah-unggahi sliraku
beja tansah sumringah atiku
nanging tresnane ora tulus, dakputus
magarwa amarga nguras bandane Ngamudi

Sela limang sasi kliwat mangsa iddah
Sumarno teka mesam-mesem
ujug-ujug ngadhep ibu lan bapak
nglamar gawa sapi telu kanggo mahar
njur bebrayan nglipur laraku
nanging atiku waton waguh, daktinggal mlayu sasi ke papat

nalika dakseksèni dheweke kesengsem
wadon nakal lan mendhem-mendheman

Njur uripku kok yaketlara-tlara
olehe golek sandhingan kang becik
minangka kanggo pangeling-eling
tembeh mburi ora prasasat
mugya pikantuk garwa kang legawa
bisa dadi panutan imam keluarga nganti swargi
pangarep mung dadi upaya manungsa
nanging Gusti Alloh kang ngestuake

Kaping papat jan sliraku ora jeleh
Nataprasaja katur dudha anak siji sepuh mapan
nyunting ora nganti seminggu oleh sesrawung
lindih-lindih atiku wiwit marem
senajan wis ganda lemah ming atiku ayem
bandha luwih-luwih ora kurang
nanging apa kang dadi prasangkaku
deweke duwe estri sanga, dakpegat!

Beja kudu disunggek, sangsara ora diarep
njur iki jaka lelana sajake bagus tumindake
ora jerih sela nem sasi
pituture kang nrenyuake
sliraku anglup kasmaran
alon-alon daktata laku uripku
njelalah sawijining awan, Kuswara
diciduk polisi amerga dadi gembong narkoba

Mungkur taun ora kepitung, teka siji maneh
dudha estrine sedha merga nglairake
let sedela nandhang bebrayan
rupa bagus uga sholeh tur aji tumindake
sajake badanku ganda kembang sembuja
Prambudi gerah jantung ora pitulungan
njur slirane bali menyang alam baka
ninggal waris bocah papat cilik-cilik

Mojokerto, 23 Maret 2016.

Retno Tamir lahir di Mojokerto 11 Maret 1970. Belajar menulis sejak berada di bangku sekolah menengah pertama. Pernah menjuarai karya tulis keagamaan di kota Mojokerto tahun 1988 dan ikut lomba menulis puisi nasional. Pernah menulis dongeng di majalah anak-anak *Ananda*. Selain itu, ia pernah belajar melukis waktu masih sekolah dasar. Sekarang berjualan gorengan di pinggir jalan, Kupang, Nusa Tenggara Timur, dengan tetap berkartu tanda penduduk Mojokerto.

PATIH MINULYA

Patih Harya Suman ya Patih kang Minulya
Lila legawa ambebela Praja Ngastina
Nduweni jejibahan kang mulya
Muktekake Prabu Suyudana sakurawa
Wujud sumpah prasetya
Mring Gendhari lan Dhestrarastra
Bisa diwastani prawira utama
Nalika bisa mejahi Widura neng Tegal Kurusetra

PEPETENGING ATI

Cahya kang katon sumunar
Dadi kanca ing wengi iki
Ngilangake rasa sepi
Kang nggrogoti tekan jero ati
Ning aku ora melu nduweni
Kabeh iku wus pinesthine Gusti

Senajan gedhene mung sasigar semangka
Ning cahyamu kaya sentolop batre lima
Srengenge isih ajeg ngedum
Sumunare kang anteng
Ning ngapa ati iki isih krasa peteng?

Rezky Soffan Hadi lahir di Mojokerto, 12 April 1996. Mahasiswa Universitas Negeri Surabaya, Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa. Tinggal di Babatan Gang 5 G Wiyung, Surabaya.

NYERAT

Sinerat, seratan, kaserat,
kang den lampahi kinanten pen lan kuas,
bakal dadi kaendahan kang ora bisa pecat,
saka telenging ati.

Endah tanpa tanding,
Katon gawang-gawang ing ngajeng netra,
olah pikir, budi dayaning manungsa.
Nata batin ngemong rasa,
alelambar tresna ing budaya kita.

Semana uga seratane bocah SMP,
kang lagi usada miyak Kori,
Tumuju lakon kang luwih dawa,
kanti srono donga lan usada,
lumampah mecaki wana,
kang jembar lan bawera

Ah..kabeh sarwo endah.

Trenggalek, 18 April 2016

MUNG GUYONAN

Niate munggah gunung,
nandur tela, gogo utawa kangkung,
bontrote sega jagung
lawuhane gereh buntung.
Telap- telep telap-telep,
Ora menitan e...rantange nggludhung,
apa maneh ditambah krawu,
mesti lali karo aku.

Segone jagung e..segone jagung,
gurih legi manunggal rasa.
Ora mbebayani kanggo si pabrik gula,
saben dina malah dadi kanca.

Manuk jalak ora nyedhak,
Ula kobra ora mbala,
Mung si wedus kang aba-aba,
Panganan enak kok ora gelem to, Ca!
Apa nunggu aku lena?

Trenggalek, 13 April 2016

PANGGRAITO

Aku yakin iki dudu pepesten.
Pepesten bisa digrayahi,
lan wis ana srana kanggo nggrayahi.

Ah kadangkala abot rasane nampa kasunyatan
Anyel, sumpek campur aduk dadi siji
Bener lan apik ora kabeh uwong bisa nganggo,
Bener kang ora pada iki kang ngrepoti.

Ngempet, ngalah kang matumpuk-tumpuk,
Suwe-suwe bisa bisa mbledos.
Lo, nek bledose udun semat,
Sing ngrasakake mung sing nduwe,
Piye yen sing mbledos gunung Semeru.
Pirang yuta wong kang keduman bilahi?

Yen sembarang kaanggep cilik?
Apa lali yen sing gede iki asale saka cilik?
Yen sing akeh asale saka setitik?
Salah banget yen Punokawan iku ,
kaanggep mung jangkeping lakon,
yo iku saripatine lakon.

Trenggalek, 4 April 2016

KEPATEN WIRANG ING PADHANG

Ngelus dhadha, ngelus dhadha
nyawang rupa endah kang ora elok
waton nyunar nanging ora padhang
cah ayu ning ora kedeleng pakerti wadone
Astagfirullah, gremengku minger-minger
karsa kang luruh saka uger-uger
Apa tah jaman wis wara-wara
ajining badan kang mudhun regane
apa tah wis wayah cerak donya kukut
nyandhang ming nganggo lawon sehasta
egal-egol ngareping pawongan liyan
tengah embong esam-esem kaya biduan ora payu

Para piyarso kakung padha menteleng
sasat ketab-ketib nggone pengin nyuwel
pipine kang kaya kembang bugenvil
njur lakune mripit-mripit nyedak
nggone pengin njawil lambene
kaya layah sigar gambir

Oala cah ayu, cah ayu
apa kang dadi pinuju marang urip kang cekak iki ?
sandhang klambi kaya slampiran jendela
putih pahamu agawe tontonan priya-priya
njur kandhamu melu dunya mangsa saiki
ora melu kandhamu ora maju tur kuna

MAWAR PUTIH DADI ATI

Ora rina sing tak tunggu,
dudu wengi kang tak antu-antu,
mung rasa rangu-rangu ngebaki atiku,
Apa iya priya pideksa iku
durung ana kang rumeksa?

Dudu gelang, kalung utawa ali-ali,
Pertanda condonging rasa marang aku,
Ananging mawar putih.
Mawar putih den salap ana terasku.

Mawar putih, mawar putih.
Saiki malih dadi ati,
saben dina tak uliki,
dak liling, dak elus, dak sawang ,
malah kadhang tak esemi,

Aduh Kangmas.
Kidung asmaradana tansah dumeling
ngreridu ati.
Sliramu katon gawang-gawang,
esemmu ngujiwat,
paningalmu damar kangingan,
Piadegmu pideksa pindo raden Gatot kaca,
Ah apa bisa dadi duwekku?

Trenggalek, 25 Maret 2016

Rismiyati lahir di kota Magelang. Alumni Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia, Universitas Sanata Dharma Yogyakarta. Berkenalan dengan Teater Arena di bawah asuhan Pastor Cokro dan Om Freed Wibowo. Kini, ia tinggal di Trenggalek dan sering diberi kesempatan melatih teater dan melatih menulis puisi Bahasa Indonesia dan Bahasa Jawa. Pernah pula menulis skenario film berjudul "Menggoyang Matahari" tahun 2004. Pada tahun 2006, berkesempatan melatih cipta dan baca puisi se-provinsi Jawa Timur yang bertempat di Panti PKK Surabaya.

CATHETAN ING KALI KEDHUNG PAWON

Ora luput yen aku kudu digeguyu anak putu, rikala tak bukak cathetan lawas kang ngabarake ing kene bocah-bocah padha bluron wusing rampung ngguyang kebo lan sapine, awit nyatane kang kari mung watu padhas kang lumut wae ora kuwawa thukul ing ndhuwure malah kabuntel resak kang ora bisa momot.
Nanging aku ora bisa ngendheg lakuning crita kang tau tate dadi lelakon kang endah tumraping kadang padesan, yen kedhung iki sumbere nguripi panguripan kanthi lelawaran, mung bandha karukunan lan kekadangan antarane padha warga, mesthi wae sadurunge mesin diesel lan maneka warna pompa dadi srana kanggo ngemplok jatahe anak putu.
Ing kedhung iki, ora bakal kocap maneh pisungsung marang kaki dhanyang lan nyai dhanyang kang wus nancepake teken temah warga desa padha ngalab berkahe kanggo ngoncori tandurane.
Awit katiyasane teken mandi warisane guru wali tan kuwawa ngungkuli kadigdayane plastik kang saben dina tambah ngambra-ambra nyebar pepati kang tan kawanguran.
Kedhung Pawon, tansaya panas ora ana kang nggagas murih pulih ngilekne amal jariahe kang wus padha jinempana ing angina, awit suwarane mesin diesel wus nutupi pangrungune titah kang melik barang melok lan kesusu selak muluk.

Kedunggalar 20 Mei 2010

PULUNG ING DHUWUR ALUN-ALUN

Kekejer pindha branjangan, muluk nrabas mega lan imalaya, angulati : trahing kusuma rembesing madu, turase kang andana warih kang bakal diembani mbabar karaharjaning bebrayan. Alon tumiyup anyaketi kang padha kepengin nggadhuh dhampar kang ngrenggani ngarep paseban, panas, ana rasa panas, pulung darajat mancelat ing langit kekejer kitrang tetangisan, pulung ketiban tak ba'in koncatan daya minangka emban lan sesotyaning ilang katutup lembaran dhuwit sogokan.

Kedunggalar, 12 Mei 2010

ING THARIKAT

Wusing kemput nipak tapakMu wasana nemu luweng ing pucuking gunung kang umub, lamat-lamat katon astaMu kumlawe awe-awe supaya aku ambyur ing jerone, ketang gandrungku marang sihMu kepengin aku daya-daya mlebu, nanging lakuku kandheg dening tangane lonthe kang nggandhuli jangkahku klawan nangis sesenggrukan, sambate ngaruara awit rumangsa wis kacidran dening katresnanMu kang tinampa lumantar layang suci sing jare dititipne pandhita, wali lan resi nanging pungkasane kabeh jebul tiba ing tembung kira-kira kang kebacut kudu dipercaya.
Lan bareng sapisan maneh tak sawang lawing luweng bali minep, kekuncen rapet' Lan para bakul kang mburu bathi padha tawa-tawa kunci (manekawarna kojahe, ngabarne asline kunci dagangane) wasana katon pesenMu sakeplasan mung ing nurani mandhiri tinulis srana mlebu lawang kancingan tanpa kudu karepotan milih endi kunci kang asli!.

BABAD

wusing dakbiyak wiwarane lan takungak caritane kang kumandhange ora tau sidhem, mungguh gandane kang arum mangambar. Jarene wajib tinulad dening sadhengah janma ing jaman sing jarene wis suwe edan.

Kang katon iku babar pisan dudu leluhurku, lan kudu dingerteni yen jaman kawuri tan beda lan jaman saiki, isih panggah yen gajah seneng ngidak rapah, asu gedhe menang kerahe.

Mangka kang nyata lan binudi murih lestari : combolo kudu tetep mangan teki!

kaudi maneka paeka : temah kabeh pangling lan lonthe kang macak hapsari.

Lan agunging kang tansah biniwarakake iku mung pulasan kanthi prada getih, daging lan gerusan balunging rakyat, sing tinakdir mung dadi alat.

Rustamadji lahir di Ngawi. Pernah menulis di *Majalah Jaya Baya, Panjebar Semangat, Djaka Lodang, Surabaya Post, Lembar Budaya Permadani* dan beberapa media lokal di Ngawi. Tulisannya berupa guritan, cercek, crita rakyat, crita pedhalangan, juga alaming lelembut. Tinggal di Kedunggalar Ngawi.

SUMENDHE

1

Kanthi sesidheman
Dakpiyak alang-alang ana buritan
Ananging apes
Lugute padha nemplek ana sandhal
Aku banjur wisuh
Lan gage lungguh
Ana ngisore langit sing paling biru
Ngematne angin ketiga
Kang mapag tekane rendheng
Lemah-lemah nela sing kangen rangkulane udan
Mung bisa ngawe-awe
Tekane udan tansah dadi kembang lambe
Oyot alang-alang kang betah ora ngombe
Aku mung bisa nyawang
Lan bali sumendhe

2

Aku banjur sumendhe
Ana peron stasiun
Tanpa wirama para bakul
Kang rame
Nawakake ondhe-ondhe
Angin, lebu, lan bungkusan tahu
Padha mlaku ngliwati ngarepku
Nyrimpung sikil pangangen-angen
Tumuju marang slira-Mu

Bojonegoro, 17 Desember 2015

WONG BOJONEGORO

Isuk umun-umun simbok wis tangi
Lan nggawe wedang kopi
Menyok dang-dangan isih kumebul
Ngraketake pasedulurane bun lan srengenge
"damoni sik cung kopinem, ijek panas wi!"
"sadubilah mbok, rumangsaem aku ra roh ye?
Wong genah isih umub ngono kok..ndak iyo
mlocot lambeku nek langsung tak uyub..."
Aja jengker wae
Tapi iki jengkeran karo simbok,
Dudu jengkeran isuk, kaya dene manuk-manuk
Pakne isih kasoh, sedina muput bar nggejig ana tegal
Turu angler, untune krekut-krekut tandhane
yen mergawe wingi tansah sengkut
Mergawe utun ora tau geroh
Kayane ben utoh
Ben uripe tambah matoh
Ndahneyo nek urip ora dilakoni kanthi sumarah
Tatanan bakalan bubrah, sadubilaaaahh...sadubilah!
Urip ora nayoh
Mangkane aja gampang geroh, sing prasaja wae
Welinge simbok
Marakne gawok
Lha piye wong saiki padha mendem kedanan pangkat

Lali ireng lali puteh
Kadhung seneng lali bateh
Aku banjur metu, sedhep hawane subuh kang anyles neng ati
Lawang banjur tak lebi
Ahhh ndahneyo yen urip ora ana rekasa
Mangan enak, turu kepenak, lan bandha donya padha nyedhak, amarga duwe minyak.
Plak! tangane simbok mampir pipiku...
Dhapuranem !!

Bojonegoro, 22 Desember 2015

TEMBANG PAPRINGAN

"Iki ngono suling sekti
Dakjaga kanthi ngagem asmaning kanjeng nabi
Sulaiman ingkang handarbeni"
Ngucap sang Kancil
Kanthi esem kang semrinthil
Sang macan datan kuwawa
Nahan rasa ngempet karsa
Nadhah kancil sing kumawasa
Lantip ati lantip aksara
"iki suling, suling sekti
Dakrumat minangka bekti
Aja sira kumawani
Dhahar ingsun
Nadhah awak mami..."
Bali sang kancil ngujar sora.
"thuiiittt..kriyeeekk
Thuiittt...kreteeegggg...kriittt..."
Papringan bali gumerit katiyup angin
Ngiwi-iwi sang macan prakosa
Sang macan datan suwala
Endahing swara papringan gumerit bayu
Kinira suling kanjeng nabi Sulaiman
Tanpa kipa-kipa sang kancil sinampar minggir
Prapteng papringan sinebul dening sang macan
Njerit sanalika
Ilatipun kajepit tanpa suwala.
Kelara tanpa ana kang munasika

Bojonegoro, 30 Desember 2015

MLAKU ANA GALENGAN

Yen mung mendhung kang tumelung
Uwong ora bakal keduwung
Kaya yen ora kasil nebek perkutut kang lagi manggung
Ana ndhuwur wuwung
Cucak ijo srikatan padha anyul-anyul
Mbagekake sang surya ana brang wetan
Trontong-trontong abang langite
Pratandha wayahe nyambut gawe
Pacul age kapanggul
Lan caping ora kena diagem miring
Lurus galengan mlaku urut kacang
Yen jeneng mikul amanah ora kena (tumindak) ngglewang

Bojonegoro, 10/03/2016

Safandi Mardinata lahir di Tuban, 29 Juni 1983. Alumnus UNESA Pendidikan Bahasa Indonesia (2005). Sejak 2006, menjadi guru di SMK Negeri 3 Bojonegoro. Beberapa geguritanNYA pernah dipublikasikan di majalah *Jaya Baya* dan *Panjebar Semangat* dengan nama samaran Ragil Warastra. Selain itu juga tergabung dalam 146 penyair nusantara dalam antologi *Merangkai Damai* yang diterbitkan oleh Nitramaya Magelang. Bergiat pula di SAINT (sanggar Interlude) Surabaya.

MATA ORA SISIHAN

Aku dudu wong apik
ning ya ra elek-elek bacut
aku dudu wong resik
ning ya ra rusuh-rusuh bacut
akeh sing padha rumangsa resik
nanging resike kliwat
nganti ra sisa
wong liya ra didumi
ra dianggep ana
lan ra cetha

Blongsong. 16062015
Baureno-Bojonegoro,psjb 2015

BANJIR BERKAH

Ambyar
kagelarsadawaningratan
mbarengisumingkrihesunar
sakasrengengekangabangmbranang
ana mungnjajaldalan
ugapamerjaranjepang
lapakjajandadakanngadeg
kadheret mbegegeg sakiwa-tengenedalan
kabehkasunaranberkah
kabuktipadhamungbokong
ora katon apakangdidol
emane mungsetaunsepisan
umpamasabendina
mendahneya bungahe .....

Baureno.19062015
Baureno-Bojonegoro,psjb 2015

SURUP

Srengenge abot pamit
tumangsang pucuking pring
katingal mbranang
bunder tanpa pinggiran

Simbok mberok
bapak ning sawah
dhangir sisa berkah
bocah lali omah

Thole
ndang ngandhang
srengengene wis pamit
padha mudal dhedhemit
mangka ndhak kesambit
wanci candhikala wus tumeka

Sumberagung .24072015
Baureno-Bojonegoro,psjb 2015

MBLEDHOS MANEH

Kabar iku durung ilang teka kendhang iki
merapi lagi prei
kelud ngendum awu
omah lan tanduran ora luput
mandheg ninggal penyakit
sinabung isih ngringet
raung nutup dalanan ndhuwur
mbuyari angen-angen
gamalama ora gelem kari

Sraturejo. 18072015
Baureno-Bojonegoro,psjb 2015

Susanto, akrab dipanggil Santo's Pa'e Zerli lahir di Dusun Caduk, Desa Sraturejo RT.002 RW.011 Kecamatan Baureno, Bojonegoro, tepat 17 Mei 1983. Alumnus IKIP Budi Utomo Malang jurusan Penjaskes dan Rekreasi pada 2009ini mengabdi sebagai guru di SMP dan SMA Ahmad Yani, Baureno, tempatnya dulu menimba ilmu. Sejak 2010 hingga kini bergabung dalam kelompok petualang Expand Community Kecamatan Baureno. Sejak tahun 2012 berkiprah di padepokan budaya, seni-sastra "Sanggar Pakeliran" Baureno, Bojonegoro. Tahun 2014, ikut mendirikan Sanggar Membaca Menulis Indonesia (SAMMIN) Bojonegoro.

BANYU KETEKEK

Rasa seger
sing metu banter
Njeblus ing mburi geger
Kanthi agawe tiyang gaber gaber

Awujudmu sing beda iki
Agawe para tiyang Jawi
Kulina nyepeng ragamu iki
Kayadene wong kesangkut kriminalisasi

Nyuwun sepura
Ugemane para wong Jawa
Mung iki sing bisa di lakonana
Kalih sedaya para wong tuwa

Lakonmu sing ketutupan
Agawe wong penasaran
Padha nyuwun kebeneran
Apata awujudmu sing tenanan----

Kayadene sumber kauripan
Kangge tiyang merdamelan
Sing ambekane enggos enggosan
Amerga bakda gulang gulingan

Amerga ragamu iki
Agawe para tiyang Jawi
Sapa awake sing sejati
Sing urip ing negara iki

Bojonegoro, September 2016

.....

Shelina Riski adalah siswi SMKN Ngasem Bojonegoro.

BATHIK JONEGORO

Bojonegoro...
Kutha sewu budaya
Budaya luhur saka jaman kuna
Dadi dhasaring
Karyane bocah-bocah Bojonegoro

Bojonegoro...
Ana salembar pipeh coretan
Rupa endah milangoni
Ndadekake Bojonegoro pusate budaya
Bathik Jonegoro

Bathik...
"Endah tur katon mewah"
Tembung kuwi sing bisa dakucapake
Nalikaning aku ndeleng rupamu
"Seneng lan ayem"
Tembung kuwi sing bisa dakrasakake
Yen aku nganggo slirmu

Bathik...
Gambaran alus karyane asta-asta, minangka piandel
Saka bangsaku
Asta kang bisa nggawe corak, wujud lan werna

PELABUHAN RATU

Ing pikiranku ...
pelabuhan kanggo labuh perahu
kanggo labuh prau thok
eee tibake
tibake jeneng panggonan amba bawera
ya maklum pancen ora nate mrana

Pelabuhan Ratu
panggonan wisata segara kidul
ana Citepus ing cedhakmu
ana Karang Hawu yen terus
Karang Hawu
Karang manggon ing pinggiring segara
kaya tanduran kanggo ngadhang tekane ombak
aman tumrap sing seneng langen
tekane ombak segara ora nguwatirake nyawa
sing langen bisa ndhelik
gondhelan watu karang
jan nggawe eram tenan sing nyawang

Bogor, 28 Mei 2016

CIKAL

Cikal thukulan klapa
dadi lambange pramuka
mbiyen ing kuthaku
kutha klairanku misuwur asile klapa
saiki wis arang dakdeleng
embuh apa wis ora ana sing gelem nandur cikal

Cikal oh cikal
apa mbesuk mung bakal dadi crita
wujudmu musna ora ana
anak putu klakon

ora ngerti apa iku janur
ora ngerti apa iku manggar
ora ngerti apa iku mancung
ora ngerti apa iku bluluk
ora ngerti apa iku emput
ora ngerti apa iku cengkir
ora ngerti apa iku degan
ora ngerti apa iku cumplung
ora ngerti apa iku klapa
orangerti apa iku bongkok
ora ngerti apa iku blarak
ora ngerti apa iku sada

ora ngerti apa iku glugu
ora ngerti apa iku sepet
ora ngerti apa iku bathok

ah ora
ora kena cikal musna
aku saiki bisa ngguyu
ketemu kanca sing nggawa warta
ana cikal genjah
telu nganti patang taun tinandur
banjur panen
kancaku padha tuku kemruyuk kalebu aku
suk muga dadi panen kabeh
kumlebat klapa genjah
ngawe-awe saka wewengkon tanah rah
Pacitan punjere degan
bakal bisa dadi kanyatan

PACITAN BIYEN LAN SAIKI

Pacitan kutha klairan
mbiyen misuwur kutha thiwul
saiki beda adoh ora kinira
thiwul mung kari crita

yen ora percaya coba takona
para warga sing ana ing kana
yen ana wong bara mulih ndesa
pingin thiwul wis ora ana
wis ora jamane ujare kandha
wis wayahe mangan sega beras
putih menthur menul-menul

yen pancen wis kadhung
kemecer ngiler
kana padha pesena
ing warungTeleng
pinggir segara bawera
wis sumadya thiwul sambel bawang
gorengan iwak segara
wah jan nyamleng tenan

Pacitan wis dadi kutha wisata
wis pancen beda kanca

pantaine werna-werna
ana Teleng Srau Watu Karung
Klayar Buyutan Banyu Tiba
enggal mranaa mitra
ndeleng pariwisata sarwa segara

BAHTIAR

Muridku iki seje dhewe
seje ora kaya kanca-kancane
yen mlebu sekolah kerep telat
alesane ya tepat
ngramut bapake
Bapake jare wis suwe lara
Ibune ora ana kerja ing Surabaya
dadi ya kepeksa dheweke kudu nrima
nrima kahanan donya

Bahtiar oh Bahtiar
pranyata Gusti Allah
paring takdir .
nengahi kowe UKK bapakmu
tinimbalan

awakmu dadi yatim
muga ibumu enggal teka
ngilangi panalangsa

dhuh Gusti Allah
Panjenengan dadosaken murid kula
murid ingkang sholeh
ingkang tansah kirim dunga

donga kanggo wong tuwa
saget nglajengaken gesang
ingkang tanpa kasangsaran

Sri Martini lahir di Pacitan, 12 Desember 1963. Guru Bahasa Jawa di SMPN 1 Wringinanom, Gresik. Menetap di Jambangan IV A No. 28 Surabaya.

PITIK NABRAK KACA

Pitik nabrak kaca
Pilih mburu akik, tinimbangane maca?
Pitik nabrak kaca
Direwangi berik mung butuh golek tukon mrica?
Pitik nabrak kaca
Tinimbang ditarik aluwong dadi reca
Pitik nabrak kaca
Pilih nyaplok dhuwik apa mangan kanca

Pitik nabrak kaca
Pitike sapa, kacane sapa
Pitik nabrak kaca
Pitike pitik apa,kacane kaca apa
Pitik nabrak kaca
Pitike mung pitik walik
Kacane kaca benggala

Pitik nabrak kaca
Pitike pecah, kacane ora apa-apa

Pitik nabrak kaca
Pitike mung pitik lurik
Kacane mung kacamata

Pitik nabrak kacamata
Pitik kaca duweke sapa?

GURITAN JANGKRIK GEMBONG

Jangkrik gembong,
Ndremimil pisuhe wong ing walik rombong
Banjur apa tegese jangkrik?
Apa meneh yen dudu bujang kang malangkerik
Banjur apa tegese gembong?
Mesthi wae bareng gedhe mung mubengi embong

Jangkrik!
Dikongkon maca malah ngece
Dipurih kerja, mung trima nyethe
Gemblung!
Dimodhali dhuwit dientekke
Dibandhani barang digadhekake

Jangkrik!
Pamit budhal golek dhuwik
Bareng mulih mung pamer akik

Jangkrik gembong!
Pitutur luhur dianggep bendhe
Diundhamana kumat gemblunge

Jangkrik gembong!
Seneng purik, ning wedi bokong

Jangkrik gembong!
Mung nglirik, dhuwit ning kanthong

Jangkrik gembong!
Apa kang diwalangkerikake?
Jangkrik gembong!
Apa kang digembongake?

Jangrik gembong!
Akeh wong tuwa jenggote kobong

Dukuh Purung, Agustus 2015

PILIH WONG AYU, APA WONG AYEM?

Wong ayu mung dadi lambe
Wong ayem ora duwe lambe

Uwong ayu, uwong ayem
Ora ajeg ngguyu, ning mesthi mesem
Uwong ayem, wong ayu
Ora pengin dialem, ora pengin dirayu

Wong ayu,durung mesthi duwe ayem
Wong ayem, durung mesthi duwe ayu

Wong ayu tansah mikir supaya ayu
Wong ayem apa mikir supaya ayem

Wong ayu mung dadi gunem
Wong ayem ora wedi gurem

Wong ayu, mikir bolongan untu
Wong ayem ora mikir bakal dialem

Akeh uwong pengin dadi wong ayu
Akeh uwong wedi wong ayem

Wong ayu, apa sek sembarange ayu?
Wong ayem mesthi diduweki ayem

Wong ayu, ditonton saenggon-enggon
Wong ayem, mung turon saenggon-enggon

Wong ayu, yen macak tambah ayu
Wong ayem, ora macak ya wis ayem

Wong ayu mbutuhne ragat
Wong ayem mbutuhne bakat

Wong ayu mbutuhne wedhak
Wong ayem mbutuhne watak

Wong saguh dadi wong ayu, akeh
Wong saguh dadi wong ayem, aneh

Wong ayu butuhe dhuwit
Wong ayem butuhe urip

Dukuh Purung, Agustus 2015

GURIT-GURITAN

temenan, aku mung bisa gawe gurit-guritan
ngluru tembung-tembung kabuwang

apa ta gunane ngawe kang temenan
yen satenanen kabeh wus ora mbutuhake
kang sarwa tenanan

gurit-guritku ora perlu dipaelu
saumpama sliramu mules lan ngelu,
guritku ora bakal dadi jejeging laku
semono uga yen sliramu lagi mendem
guritku ora bisa gawe atimu adhem

gurit-guritan iki mung saanane wae
ora ana gatra, reroncen kang manuhara
mulane saumpama gurit-guritan iki ilang
ora bakal yen ana ati kang saguh kelingan

arane mung gurit-guritan
arepa kokpidak, kokbuwang
ora ana tangis kang gelem kelangan
apa maneh yen gurit iki gelem kokobong
mbokmenawa akeh ati kang bombong

gurit-guritan iki aja digawe kanca
apa meneh kok aji minang katamba
awitingzamankangkokanggepkepenak
gurit-guritanmokaldigawesanak

Dukuh Purung, Agustus 2015

St. Sri Purnanto lahir di dukuh Purung, Panggul, Trenggalek, 16 Juni 1962.

Tahun 1983 diangkat menjadi guru bahasa dan Sastra Indonesia di SMP Negeri 1 Kalianget Madura. Tahun 1986 mutasi ke SMP Negeri 14 Malang. Tahun 1995 mutasi ke SMP Negeri 1 Pacitan. Tahun 1997 mutasi ke SMA Negeri 1 Panggul Kabupaten Trenggalek, sebagai guru bahasa dan sastra Indonesia sampai sekarang.

BUMIKU BUMI PESISIR

marang endahe tlatah pesisir konang
kaya ora was sumelang
njanget sajiwa balung sungsum
tandhes ing telenging sukma
senajan raga ndak gawa tekan bumi paran
ora sedya ngoncati wutah rah kelairan
sedya ngrubah asoring lakon panguripan
kedungsangan tekan tlatah cengkah
bumi tangga
mulya tata gelaring brana
bandha ngadeg pangwasa
sari patiningjiwa wis gogrog
pralaya katadhah kalamangsa
nafsu diyu

bumiku bumi tlatah pesisir
ing kono leluhur nandur sedya utama
karegem raseksa telungatus seket warsa
dalah kakemah sedulur tuwa telung candra
para satriya tama kridha
ponang lair indonesia

katresnanku marang bumi pesisir
ketel-ketel ora kena diusir

senajan surem ing brana
para kawula nggegem trah waris prasaja
ora nglawan
marang degsurane jaman

Pesisir Konang Panggul-Trenggalek, 13122014

(kapacak ing *Jaya Baya*)

PLESETAN

tobong lathi
pepegan kembang kecubung
kelayung-layung
w u y u n g

centhak isi tuwak
kang ndak laga nganti gurung kebak iler
mecaki marga kebak jejember
kekancan kembang wayu
ngganda banger

wadhuh
saleksa pituduh
ora isa njejegne jiwa kang kadhung dumpyuh
angen angen worsuh
cecolok belor
malah ngulapne netra
raga nggleyor

hem
laku lakonku gojeg plesetan
ing dalan sidhatan
maelu eseme setan

Panggul Trenggalek, 2015

Kapacak ing *Kanal* edisi III Februari 2015

SUPATA ING LENGKEHING ARGA

ratri ngemuli redi nggegem crita langening brangta
kadhang kala ngayawara ora wewaton
tanpa seksi dalah bukti minangka prasasti
kawiwiti nalika sang Putri Ontrowulan linggar praja
ngupadi jatinining tresna kang ditanem ngrembaka marang
Pangeran Samodra
saka telenging taman kaprajan

Dewi Ratih manjing ing angane wanita sulistiya
kaselir sang raja ramane Pangeran Samodra
Ontrowolan kepedhotan ati marang putra tiri
utusan kahyangan cakrakembang ngalungne reroncen kusuma
kembang Cubung Wulung kinanthen mantra kidung mentiyung
pranyata abote nyangga bawana
isih luwih anteb kebrukan rasa kapang
kang ajeg gumawang ngrenggani wewayangan

Pangeran Samodra ngumbara nglacak tipaking Rama ngupadi
sejatining tresna
Dewa Kamajaya aweh warastra kinanthen Bedhor kidung
asmarandana
sang Pangeran ngembat busur linepas paser nunjem nurani wuyung
putri Ontrowulan kelayung-layung
dhuh biyung
malah dadi usada brangta

saka telenging redi Kemukus
endhing crita kababar
latu asmara kobar
ngobong putri Ontrowulan lan Pangeran
telik sandhi mergoki
sejoli ora suwala kapidana pati
tresna sabaya pati
antarane selir lan putra tiri
katanem sawiji

thukul ngrembaka lan langgenge crita
ana supata ngumandhang ing angkasa
sapa kang nduweni sedya
dhemen karep kasembadan
kudu ngobarne wawa asmara ing lengkehing arga
ananging
ora kena karo keng garwa

kabar kabur tumangkar
ulah brangta kabungkus crita ing perenging arga
isa methik panjangka

Jemuwah Pon, 2015
Kapacak ing DL No 12 /22Agustus2015

KUPU AYU KUSUMA BANGSA

kupu ayu miber kekiter nabrak kaca bening
setetes ludira minangka tandha pecahing kaca
makutha lengser kena gada menungsa pengawak raseksa
kinunjara krenteg kang njiret elar ora isa mekar
impene sedya nyecep legine madu kang netes saka sarining kembang sore
ngupadi sarana kanthi suku pincang mlaku ngluru upa ing bumi sabrang
rupa manis wis dikekep nafsu tangan borjuwis
nalika nyiswa kangge nyuwita tata cara ing bumi manca
nyatane bumi paran mbanda tangan kamerdhikan mupus gagasan
majikan mbungkus nurani kanthi tali materi
dhimen ekpresi mati

kupu ayu jibeg kelangan uteg minangka obor petenging dalan panguripan
thukul kuwanen awit pedhot pangarep-areping pangimpen
kobar nylomot tekat kuwanda sumyur mencolot saka apartemen tingkat papat
warta saka paran ana buruh migran sekarat pecat yitma lampus dhiri
kang wis konjuk devisa marang ibu pertiwi

Panggul Trenggalek, 2015

Kapacak ing DL 42/21 Maret 2015.

St. Sri Emyani, lahir di bumi dhukuh Purung Panggul, Trenggalek, 22 Agustus 1965. Antara tahun 1986—1996 banyak menulis laporan seni, budaya dan pariwisata. Tulisan sastranya tersebar di media berbahasa Jawa dan Bahasa Indonesiaseperti*Mekar Sari, Djaka Lodang, Panyebar Semangat, Jaya Baya, Jawa Anyar, Damar Jati, Simphoni, Liberty, Surabaya Post,Solo Pos* dan lainnya. Pengajar Seni Budaya di SMP Negeri 1 Panggul, anggota sanggar sastra TRIWIDHA dan motivatorQuantum Lentera Centre (QLC). FB: St. Emyani Bebas Banet, Pos_ el:srimulyanislamet@gmail.com.

TIKUS

kaya aji candha birawa
tikus-tikus ing lumbung desa
saben dina nglimpekake sing jaga
ngodhosi pari lan palawija

kaya aji candha birawa
tikus-tikus ing lumbung desa
siji kena dipateni, sesuk kancane teka
nggawa bala ngece sing jaga

lumbung desa saiki mung kari blegere
isine wis dadi duweke bangsa tikus sakancane
saben dina blusukan tanpa rasa sungkan
sawayah-wayah klumpukan andum bageyan
cit cit cit
cit cit cit "apa kowe ya bangsa tikus
kok njaluk dum-duman?"
cit-cit cit
cit cit cit "ya, aku tikus anyaran,
lagi bae dilantik udakara sewulan."

Ponorogo, mapag tumapake gagad rahina

MEGATRUH

aku ngreti sepira perihmu
nalika tanduran pari
sing saben dina kok openi
godhonge njilma dadi glathi
siji mbaka siji nunjem pulung ati

aku ngreti sepira panasmu
nalika obor blarak coloking laku
genine mletik ngobong rambutmu
ayang-ayang gosong
sangisore rembulan panglong

aku ngreti sepira panandhangmu
nalika perih lan panas
nyawiji ing susuhing napas
dadi wiramaning laku
:saben wektu

Ponorogo, Maret 2012

WISA TEMBUNG

ora ngira yen memanising tembung
sing wasis micara wingi
jebul mung lamis
kamangka ocehing kepodhang wis cecawis
kanggo mapag tekane dina-dina rena
sing tanpa grimis
nggambarake awang-awang sumeblak padhang
mamerake werna-werna kaendahan

ora ngira yen memanising tembung
sing sundhul wuwung
wingi jebul mung gunem suwung
kamangka sumilire angin wis kebacut
ngelus dhadha
ngukur dawane jantung

memanising tembung lamis
:daktulis ing pucuk-pucuk grimis

Ponorogo, Maret 2012

ELEGI TRESNA

: Pambayun-Wonoboyo)

tresna kuwi thukul saka wirama gamelan
nalika endahing joged tayub
kaya iline banyu saka grojogan
kuwawa ndhekokake watu item
sing mataun-taun kukuh bakuh
mbetengi bumi perdikan

kembang mlathi telik sandi
wus sumusup wulu cumbune singa barong
nalika padhange rembulan
dhoyong mangulon
gawe cangkriman lumantar swara walang kadung
ndhedher wuyung
"aku kepranan sliramu sang rembulan
lelewamu dudu pidak pedarakan
ati putih wirama kendhang"

nalika gendera mataram
bali kumlebat ing awang-awang
tresna kuwi ajur dadi sawalang-walang
sandhuwuring watu gilang

Ponorogo, Maret 2012

Sumono Sandy Asmoro lahir di kota reyog, Ponorogo. Menulis sejak di bangku kuliah, terutama menggunakan bahasa Jawa. Bukunya yang sudah terbit "Tembange Wong Kangen" (Antologi crita remaja, 2009), "Layang Panantang" (antologi geguritan, taun 2009). Karena buku Layang Panantang, tahun 2010 mendapatkan penghargaan sastra Rancage. Alumnus Jurusan bahasa dan sastra Jawa, UNESA ini pernah bekerja sebagai redaktur majalah *Damar Jati*, majalah berbahasa Jawa yang terbit di Jakarta.

ELEGI TRESNA

: Pambayun-Wonoboyo)

tresna kuwi thukul saka wirama gamelan
nalika endahing joged tayub
kaya iline banyu saka grojogan
kuwawa ndhekokake watu item
sing mataun-taun kukuh bakuh
mbetengi bumi perdikan

kembang mlathi telik sandi
wus sumusup wulu cumbune singa barong
nalika padhange rembulan
dhoyong mangulon
gawe cangkriman lumantar swara walang kadung
ndhedher wuyung
"aku kepranan sliramu sang rembulan
lelewamu dudu pidak pedarakan
ati putih wirama kendhang"

nalika gendera mataram
bali kumlebat ing awang-awang
tresna kuwi ajur dadi sawalang-walang
sandhuwuring watu gilang

Ponorogo, Maret 2012

Sumono Sandy Asmoro lahir di kota reyog, Ponorogo. Menulis sejak di bangku kuliah, terutama menggunakan bahasa Jawa. Bukunya yang sudah terbit "Tembange Wong Kangen" (Antologi crita remaja, 2009), "Layang Panantang" (antologi geguritan, taun 2009). Karena buku Layang Panantang, tahun 2010 mendapatkan penghargaan sastra Rancage. Alumnus Jurusan bahasa dan sastra Jawa, UNESA ini pernah bekerja sebagai redaktur majalah *Damar Jati*, majalah berbahasa Jawa yang terbit di Jakarta.

PASEKSEN

daksimpen prabane sukmamu
kalaning dhadha iki wiwit gumuruh kudhup pangarep-arep
napaki dawane wektu tan kena cinandhet

kae sorote srengenge sore wus mrantak
godhong mahoni garing mblasah ana plataran
memper sunggingan prawan ayu
tumungkul linggih ijen ana bangku taman
sinaput praupan kingkin
ngantu antu lumarape paraga wening tanpa sipat
bakal anjajagi samodra panguripane

seprene,
nyatane mung katon sapucuke slendhang
kumlebat mungkasi lelakon endah
tanpa guna, senajan ing mburi pacak baris
paraga-paraga sumadya anggenteni
senajan sunggingan isih tetep endah
nanging tanpa greget
kaya benang putih kadhung kaulur
misah birune langit lan segara.

Lamongan, PSJB 2015.

UMUN UMUN SADAWANE BOULEVARD

dakcangking angete soft drink.
mentas dakcecep wengi iki
ngemuli jangkahku miyak pedhut
guyu bingar lenggak-lenggok kenes kenya diskotik
ninggal ganda parfum tumempel jaket
umete wektu krasa cepet banget
ngroce crita lan lelakon palsu
kaya lurung peteng lan rungsep
kebak swara rucah kelangan punjer

lampu mercury sadawaning tol
baliho iklan pating jingkrung katisen
lan gemontange lonceng kaping telu
mecah wengi
nggarit jero ana pojok ati

sepine kutha kaya macan galak turu kepati
bun wiwit neba saka wit-wit kenari
nawakake esem panyenges
apa sing arep mbok telukake
apa pawitan lan piandelmu
sedyamu kepengin nelukake kutha ?

Ngimbang PSJB 2015

EMAN

eman banget kalane kembang pusponidro
wiwit mekar mung ngrenggani esuk
kamangka kumbang lan kupu tansah kekiter
kepengin nyecep sari madune
batinku banjur nduga
satemene banyu kali saka gunung kae
nyidhem karep kepengin masuh wentise prawan
mengkono surasane layang sing sing daktampa
rikala dakkabari yen alam wiwit krodha
nanging yen wit-witan kiwa tengen wis kadhung garing
njur aku kudu tumindak apa ?

Ngimbang PSJB, 2015

Sunaryata Soemardjo lahir di Nganjuk, 17 April 1955. Pernah bekerja di Puskesmas Ngimbang. Kini sudah purnatugas dan giat berwiraswasta sambil mengurus koperasi KPPI. Tulisannya tersiar di berbagai media berbahasa Jawa. Aktif di PSJB. Bukunya yang pernah terbit adalah antologi gurit *Salam Sapan Saka Gunung* (2010), novel *Amrihe Kembang Kopi* (2012), dan novel *Purnama Kingkin* (2014). Menetap di Dukuh Ketapas, Desa Sendangrejo, Ngimbang, Lamongan.

SWADANA

Jumeneng kanti jejeg
Kanggo dina lumampah
Saha dina ing ayunan
Tumraping nafas negri

Netepi aran rasa adil
Netepi aran pawangunan
Netepi aran kasantosan
Netepi aran gesangipun negri

Jumeneng kanti jejeg
Ora namung badan siji kang kagungan
Sajroning papan kang datan beda
Nyungging negri miyos swa asta
Minangka dharma suci

Jumeneng kanti jejeg
Minangka janma padha, tumrapring janma padha
Tumraping putra wayah
Ewasemana,
Pepak kasungging ing prasasti negri
Badan punika pangayuning trah

SASI SUCI

Gegana inggil
Manjing Arsy suci
Gumelar setunggal sasi
Ngrungkebi laksitaning sewu sitoresmi

Manembah dipunjumenengaken
Waosan suci.....
Ngumandang ing tawang
Munajat ngawiyat
Tasbih-tasbih ginayuh dzikir
Datan pegat wekdal lumampah
Tumuju ijabahing Gusti

Godha nafsu angkara tebiha sumingkir
Janma netepi lampah
Lampah marang ibadah
Ibadah marang syariat

Suwandi Adisuroso merupakan penggurit yang bergabung dalam PSJB (Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro). Pos_el: suwandi.adisuroso@yahoo.co.id>

Tofiq Widodo A.

TANPA CENDHELA

Omahku tanpa cendhela
Lho deloka kae
Omahku tanpa cendhela

Peteng, srengengene ora bisa mampir
Sumuk, angine mung anguk-anguk

Omahku tanpa cendhela
Gak tau ndelok tangga
Gak ketok padhange njaba
Gak ngerti kana-kana
Gak kenal marang liya

Kae lho delok
Omahku tanpa cendhela
Mulane aku wuta

PSJB Bojonegoro, 2015

BANGKRUT

Drenginging
Nggulung klasa
Lemes ora nduwe daya
Bawur gak ana sing endah dicandra

Tanpa bandha
nanging ora laba
Urip sepisan disiya-siya

Ora dodol
Nanging rugi
Rugi uripe rugi patine

Drenginging
Kanthi bisa meres luhe
Mingsek-mingsek getun dhewe

Drenginging
Nganti kringet dadi garing
Bangkrute ora bisa ketulung

PSJB Bojonegoro, 2015

NAFSU

Mublak-mublak kaya awu
Awu kang nyembur nglebur tetanduran
Ngamuk ngubeg-ngubeg papan panggonan
Kaya ana seng digoleki

Anteng kaya angin
Munyer-munyer neng awing-awang
Mbabat tetanduran
Nyebul sekabehaning

Mbulak-mbulak kaya geni
Abang mbranang rupane
Nggerus kabeh kang diliwati
Ninggal ireng pungkasane

PSJB Bojonegoro, 2015

WIWIT

Jebul awal bibit kawit
Panen pandum kasil kasembadan

Wiwit ing pojok kedokan
Pungkasan ing ara-ara amba

Jebul ing pepetengan
Ambyak ing pepadhangan

Tuwuh ing parak isuk
Mrisi ing rina munjuk

Tanduring pasrah
Methik ing kabegjan

Mejoyo Losari, 2016

SLUMAN SLUMUN SLAMET

Kagem Master Slamet A Sjukur

Agegaman swara
Langit kang madahi
Nabuh mega
Angin kang ngabari

Uni dadi wuni
Swara dadi nyata

Keputran pinilih dadi pasetran
Tinulis tanpa papan
Ing papan tanpa tulisan

Mejoyo Losari, 2015

Dol Tinuku

Sapa sing dodol
Sapa sing tuku

Iki dudu kulakan
Ya gak golek untung

Tapi atur rembug
Palaran saur manuk

Takon tukon kok tukar padu
Durung udu wis kebak idu

"Cak, mbulan ae ketok cak
Opo sampean arep na mbulan
Ya ayo cak, bareng na mbulan"

Mejoyo Losari, 2015

Widi Asy'ari lahir di Jombang 29 September 1978. Pernah bergabung di Teater Gapus (2000 – 2005). Guritnya pernah dimuat di *Majalah Joyoboyo, Majalah Panjebar Semangat,* dan *Majalah Damarjati.* Antologi gurit tunggalnya berjudul *Ilat Geni.*

KETEMU ING BALURAN

Esuk iki kabeh simbahku ngumpul
ana ing pantai Bama
ing antarane pulo Bali lan Jawa
sisih pojok lor hangrungkebi
aku isih ora percaya yen Charles Darwin saka Inggris
ngendikan
mbahmu ya iku, kabeh kuwi kang pinter menek wit-witan
lan cepet lakune ana ing ngendi wae
pantai Bama dadi seksi
menawa si Mbahku padha teka
ing antarane wengi lan rina

SAKWISE ESMIET LAN SUPARTO BRATA

Sastra Jawa isih terus urip
najan Esmiet lan Soeparto Brata nginggalake jagat iki
kalorone wis ninggal wekas kang rubeda
"Sliramu kudu nguri-nguri basa lan sastra Jawa"
"To, aja mung dituku thok buku-bukuku banjur diler nang lemari bukumu
wacanen yen perlu para kanca disilihi kareben maca kabeh
ana Novel lan apa wae saka aku
iki rega penerbit, ora rega toko", dhawuhe Pak Parto rikala aku
sowan ing daleme, 3 Januari 2007 udakara jam sanga awan
"Inggih Bapa Guru", kandaku
Panjenengane nerusake wawanrembug mawa telepon karo Gramedia babagan novel
kang bakal arep lair meneh saka astane
aku mung bisa gedheg-gedheg, priyantun sepuh ora gelem kalah
marang para nom-noman
jalaran para nom-noman mung akeh omongan
para sesepuh isih wae gupuh, saka sore tumekan subuh
melu nguri-nguri ramene negeri
ing jagate literasi

POLAHMU KAYA ESMIET

Ing sawijine dina lan ing dina sing dudu wengi
aku njajal sowan ning daleme Esmiet, sastrawan Jawa
Nasional
menawa aku duwe rencana kang gedhe arep nggawe cerkak
Esmiet dhawuh, "Bola-bali cangkemmu mung arep-arep thok,
endi karyamu?
mrene mung nggawa lesan crita tanpa karya
iki dudu modhel jiwaku." wong urip aja mung gawe rencana

KETEMUNE BASA JAWA LAN USING ING BANYUWANGI

Iki dudu crita khayalan, ananging peristiwa kang beneran
acara Sarasehan Basa lan Sastra Using
ing Pendhapa Saba Swagata Blambangan
Kongres Basa lan sastra using digelar
ana pamedhar sabda saka wartawan
sastrawan novelis Using
lan saka guru basa-sastra Jawa
ngapaa basa using kok nganggo dino menawa nulis dina?
lan liya-liyane kang sapadha-padha?
"iku ngono supaya beda karo basa Jawa", kandhane peserta
saka etnis Using
"Oh mangkono," jawabe bebarengan saka para peserta etnis
lan panutur Jawa

Yanto Garuda adalah ketua SSJB (Sanggar Sastra Jawa Banyuwangi), guru sastra di SMPN1 Genteng, Banyuwangi. Murid Esmiet antara 1988—2000 yang belum menjadi apa-apa.

IKI LELAKON

Iki lelakon kan mbak ayahi ing dina-dina anyar luwih nemen tinimbang lelakon sepuluh tahun kepungkur. Critane padha-padha ing pangumbaran, bedane ing cara. Yen sliramu tau nglakoni kanthi montor mabur, sepur, bis, saiki luwih ngleser nggremet ing ratan-ratan kanthi bisa blusak-blusuk ing luweng tikus.

Iki lelakon kang mbok lakoni kanthi ati. Ana tujuwan kang trawaca ngliga kaya wong uda. Malah ora mung paribasan thok sing mbak ayahi, bisa-bisa pancen awakmu uda blejet tanpa benang sak lembar-lembara. Bener, iku ing wayah awakmu adus ana ing panggon-panggon kang cumepak kanggo para langganan banyu sekti. Nanging kang paling akeh ing wayah udan ngreceh lan banyu-bayu manah ceblok saka ngangkasa.

Kowe tetep nglakoni, ngayahi, lan maju. Majuwa terus, maju, kanthi atimu kang tatag. Maju-majuwa terus kanthi donga khusyuk kanggo nembus petenging urip. Terus, terusa dadi wayang urip kang nglakoni, kanthi laku. Kang..., sejati.

Jayakarta/ psjb, Nopember 2012

RAMAYANA SAIKI

Ngluruge para munyuk kapandhegani dening Prabu Rama
Nyosore para kethek kajendrali dening Sang Hanoman
wutah getih, muncrat nyawa ing tanah Ngalengka
ora kuwawa ngluwari jabang bayi nyawa kang mumbul ing bawana sewu
tan bisa ngijabahi lelakon sing mesti tumindakake kanthi ati suci
sapa ngira jaman majaman kedadean antaraning darma lan duraka
tansah kedaden sanajan ing ngabad putih
ngabad ireng
ngabad awu-awu
awu-awune ati para nayaka, sentana lan pandhega
apa bisa sinebut ratu
sabenere ratu ora liya ratu adil
nanging adile ratu apa uga adile kamanungsan
panguripan
lan pangalembana saka jroning luweng paling ngluweng
luwih jeru tinimbang jero
langkung ngrembuyung tinimbang ron kangkung
mung sajeroning jangga
banjur
plas
ing rasa
ing jiwa

Wiragunan/ psjb, 26 April 2006

TIWIKRAMA SANG PRATIVI

yen kahanan iki wis kedaden
antaraning kita tanpa subasita lan lelakon ing sata
yen sira wis rumangsa bisa marang kahanan kang nggarahi culika
yen antaraning nyawa kalawan nyawa wis dadi dhadhu luwawan
bathok kalapa
kocoken, kocoken maneh.
apa sira bisa nglakonake puntadewa kalah dhadhu
ing andhap asoring manah
kang dibutuhake dening para kawon
kawogan ing babagan kang dudu wenang kita
dudu wenangmu
dudu wenangku.
nanging kabeh dadi wenang para menang iku.
sanajan ta wis matahun mawindu njajah
lan ngumbah rah panguripan kita
kanthi rasa kang jumawa
lan lali yen,
satemene sikile satriya sabrang iku wis keliru jumangkah ing tanah
kita kang,
sanajan ta linet kang ora bisa nuwuhake apel abang
nanging, sajroning weteng ibu pratiwi iki,
ana bethara brahma kang mumpuni maregi kaluwen ... kang,
kanthi aba alus sanggup tiwikrama dadi,
Sang Siwa kang bakal nguntal sikil putih

sa sirah rambut jagung.
Yen mangkono,
Apa sira isih nduweni
Rasa wedi.

Jayakarta/ psjb, 18 April 2006

BEBENDU KALA KLIRU

dumadakan aku kelingan marang sliramu
sing nglilir ing tengah wengi
ing pinggiring nggawan kang mili
nganti tekan samudra ika nimas
ana apa wisa-wisa ula padha keli
ora bali-bali nanging bisa tumurun
saka bawana kanggo nambah
laraning ati-ati tani kang rekasa nandur
pari

dumadakan aku kelingan marang leri-leri
kang ngiwi-iwi marang mripat-
mripat kang nggantha tekaning pramujati
jatining dhiri
jatining lathi

nimas..
nimas kang nggawe gorehing ati kang mas
wingi sliramu wis teka
dadi grimis wanci sore
winginane wis makani pitik
kang padha gumlethak
ing tengahing ara-ara ratri

nimas-
nimas kang wis mateni atine tani
ora percaya marang apa kang kocap
saka lambening penggedhe negri

ora mung merga nimas wis gawe pati
ora mung jalaran nimas wis mateni jaladri
ora mung amarga nimas wis nistha ati lawas

tapi merga nimas wis lali
marang jatining ilmu urip

mbleset sithik,
pati kang dumadi.

Ragunan/ psjb, 7 Desember 2003

Yonathan Rahardjo adalah pengarang novel *Lanang*, novel *Taman Api*, novel *Wayang Urip*, dan kumpulan cerpen *13 Perempuan*. Salah satu penyair yang masuk Leksikon Sastra Jakarta 2003. Salah satu pemenang dari 5 pemenang Sayembara Novel Dewan Kesenian Jakarta 2006 (dengan novel *Lanang*). Salah satu sastrawan Indonesia yang masuk Ensiklopedi Sastra Indonesia 2009. Salah satu dari 15 penulis Indonesia yang ikut Ubud Writers and Readers Festival 2009. Salah satu dokter hewan berprestasi dari 100 Profil Dokter Hewan Berprestasi di Buku *100 Tahun Dokter Hewan Indonesia* (2010).

TULUNG

Purnama sang dewi Candra anguasai ratri
Tejane sumirat nyuminari jagad
Kuning emas sinawang seger
Nyepuh puncak bukit ing pegunungan Tengger

Sawentara iku kartika tansah prasetya
Ora bakal lirwa marang dewi Candra
Dheweke ajeg kerlap-kerlip
Daksawang kanthi kriyip-kriyip

Ing wengi kang lingsir
Aku sumende ing wit Cengkir
Lungguh ing padas kang gedhi
Dakratapi negariku iki

Ontran-ontran ing keraton kae
Geger para praja kang sakarepe dhewe
Gaman dumadi landhep yen kena si Jelata
Nanging bakal ketul yen kesenggol si Prawira

Utawa jerit reririntih ing gubuk reot
Luh banjir ing jogan lemah
Pawon kang wus ora mekan
Lan kendhil beras kang ngguling jengkelangan

Kepriye maksude? apa maknane?
Negari kang jare nglindungi
Bangsa kang semboyane angayomi
Raja kang tugase mijilake makmur lohjinawi

Kabeh iku kaya ora ana
Wus didarma ing candi Surawana
Utawa kependem ing lereng Arjuna
Mungkin uga karem ing laut Jawa

Mugi-mugi gusti enggal ngowahi
Susah dumadi bungah
Ala gumanti mulya
Tangis anjelma guyu cengingis

Aku mung bisa dedunga
Amarga aku terus ngumbara
Ngelang lang buwana nganti mati
Ngupadi kaluhuran kang sejati

Ledok Kulon,24 Maret 2016

Yusab Alfa Ziqin lahir di Bojonegoro,26 Maret 1999. Pelajar SMA Negeri 2 Bojonegoro. Tingga di Jl.Puspa Indah No.41, Kelurahan Ledok Kulon,Bojonegoro.

ELEGI WENGI

Arum kukusing dupa kumelun
Sambung sinambung bareng gandaning mlathi
Bali sumrambah menyang joglo tuwa
Ing pojokaning desa
Kumawa mbukak cathethan wingi
Sing sasuwene iki katutup awu klawu

Oh, kena apa kudu isih ana tangis
Ing kalane udan grimis
Isih nyoba ngredhem jangkahe dina
Kang tansaya wengis

Ing kalane swarane peksi kadarsih
Ngidungake lelagon sih kinasih
Kanggo ngiring titah kang padha pepasihan
Lilakna aku lungguh ing kene
Mulas birune angkasa
Supaya bisa dakluru
Dalan bebener kang nuntun
Jangkahku tumuju menyang omah-Mu

Sukoharjo, 15 Maret 2016

MOJOWARNO

Mung kari watu-watu bisu
Sedeku nyawang langit werna klawu
Andhesit-andhesit padha dene gegandhengan tangan
Isih kukuh anggene ngugemi janjine
Candhik ayu ing kuthamu
Apa isih padha kaya sing daksawang wingi?
Banjur pethiken mega siji wae
Awit ing kono bakal kok ngerteni ana gurit kanggo slirane
Wacane kanthi permati
Supaya bisa kok mangerteni ora ana gunane
Ngunggulake benere pribadhi
Yen tibane mung ndadekake atimu lan atiku
Atos kayadene watu

TUYUL ORA GUNDHUL

Ing jaman edan
Aja kaget yen ngertituyul ning ora gundhul
Dheweke dudu bangsane memedi
Nanging memba manungsa
Lan seneng nganggo dasi
Yen lumrahe tuyul
Anggone nyolong mung sawiji
Dene dheweke kadhang sapeti
Lan malah nate salori

Tuyul ora gundhul
Ora seneng dolanan bekatul
Dolanane wis dadi layar tutul
Kothak cilik sing bisa nggawe negara mobal-mabul

Kalane rakyat bingung menyang ngendi anggene wadul
Tuyul ora gundhul lungguh jenak sandhuwure kursi
Sinambi mikir kepriye carane korupsi
Tanpa ana sing mangerteni
Saiki tuyul ora gundhul

KABAR SAKA SURAKARTA

Nalika dakuntabake srengenge
Bali menyang garbaning ibu bumi
Daktampa kabar saka Surakarta
Kabar kang tinulis ing salembar dluwang
Senajan prasaja nanging kebak pratandha
Saka jaman kang tansaya tuwa

Ing kalane lampu-lampu kutha
Saguh dadi sesulih cahyaning bagaskara
Lan gelaraning dalan-dalan dadi papan oncating
Lajuning pangimpen sing biyen kumambang ing ilining bengawan
Nyatane akeh sing lali marang pepali
Kang biyen dadi juru kemudhining dhiri
Mula ora nggumunake yen taman kutha
Wis kebak klawan tetembungan nganyuwara
Mongah-mongah pindha wawa
Minangka gegambaraning ubaling napsu angkara

Nalika tebaning mangsa ketiga
Ing satengahe mangsa rendheng
Kudune ana sasmita sing kudu diwaca
Tandha-tandha kang mung bisa kadulu
Lumantar weninge kaca rasa

Oh, mitra
Muga-muga slirane isih ana atimu kang tinarbuka
Saengga atimu isih bisa disaba dening cahya
Murih bener lan luput bisa kadulu kanthi trawaca
Muga kanthi mangkono
Bisa ngundang tekane banyu-banyu langit
Kang bakal nyirep
Wawa sing sok nglairake prahara
Ing salumahe bawana

Sukoharjo, 16 Maret 2016

Zuly Kristanto lahir di Tulungagung, 14 Juli 1990. Alumnus Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Universitas Negeri Surabaya. Tulisannya sudah dipublikasikan di *Panjebar Semangat, Jaya Baya, Djaka Lodang, Kedaulatan Rakyat, Solo Pos, Radar Surabaya* dan lain-lainnya. Pos_el: zulykristanto@gmail.com

Sakwise Esmiet Lan Suparto Brata

Muhammad Eriza Abikara
Muhammad Aris
Nafita Rizkya Rahmadani
Nono Warnono
Nursholihah
Nurul Mu'afidah
Pipie J. Egbert
R Djoko Prakosa
Rahmidi Soeharto
Retno Kurniawati
Retno Tamir
Rezky Soffan Hadi
Rismiyati
Rustamadji
Safandi Mardinata
Santo's Pa'e Zerli
Shelina Riski
Sofia Rizqi Meliana
Sri Martini
St. Sri Purnanto
St. Sri Emyani
Sumono Sandy Asmoro
Sunaryata Soemardjo
Suwandi Adisuroso
Tofiq Widodo A.
Tengsoe Tjahjono
Tulus Setyadi
Wahyudi
Widi Asy'ari
Yanto Garuda
Yonathan Rahardjo
Yusab Alfa Ziqin
Zuly Kristanto

Balai Bahasa
Jawa Timur

ISBN 602833443-3
9 786028 334433